Situasi Lingkungan : Penceramah berada di atas panggung bersama dengan beberapa panitia acara, tim rebana, dan beberapa anggota DPR. Penceramah duduk di kursi dengan memegang tongkat, sedangkan yang lainnya duduk tanpa menggunakan kursi. Jamaah duduk di bawah dan menghadap panggung. Waktu pelaksanaan ceramah adalah malam hari.

Transkripsi ceramah :

Assalamualaikum warahmatullahi wa barakatuh. Alhamdulillahirobbil alamiin, hamdan katsiron thoyyiban mubaarokan fii alaa kulli hal. Wanaudubillahi min ahwali ahliddolal wa nusholli wa nushollim wa nubarik wa nuaddin. Aala habibina wa syafiina wa nuri kulubina sayyidina wa maulana muhammadin. Asliyil jamal wa mambail kamal wa mustaudhail jalal waalaalihi washohbihi bil hudui wal ashol ama badu. Hadratal mahtaramin, para masyayikh, para kiai, para habait, wabil

khusus *akhinal karim billah* Habib Husain serta tokoh agama, tokoh masyarakat di Kudus yang sangat saya muliakan. Para pejabat yang berkenan hadir dalam semua tingkatannya, termasuk TNI, POLRI yang saya hormati. Segenap panitia pengajian yang saya banggakan. Bapak Ibu kaum muslimin *wal* muslimat jamaah pengajian dalam rangka *maulidun* Nabi Muhammad SAW *ingkang mapan wonten* Masjid Taqwa, Ngemplak, Kudus *rahimakumullah. Alhamdulillahhirabbil alamin* Masjid Taqwa *suasanane kaya ting* Madinah, *ning ngarepe ana wit kurmane, enten* beberapa pohon kurma, *untane bar mlaku niki wau. Mugi-mugi sedaya ingkang rawuh*, yang duduk dimanapun dengan kondisi bagaimanapun, menunjukkan cinta kita kepada baginda Rasulullah Muhammad SAW. *Mila manglampahi sing ikhlas, sing* kebagian *klasa alhamdulillah, ora* kebagian *klasa alhamdulillah. Sing ora* kebagian *klasa kula dongakke litel bonsir, napa niku? Silite gatel kelebon pasir.*

Saya senang dan bersyukur bisa hadir *ting* Ngemplak, karena kebetulan anak saya mondok di Yanbuul Quran, Menawan. *Dongakke muga-muga dadi* ahli Quran, *nggih*. Tolong ibu-ibu jangan berharap jadi besan saya ya. Anak *kula ting mriki* tahun kedua. Bapak Ibu *rahimakumullah*, yang pertama kita bersyukur kepada Allah SWT. Saya sudah dua hari *tour* pantura, kemarin siang saya baru *tour* dari Hongkong. Dari Hongkong langsung Purwodadi, Demak, hari ini bisa *sowan ting* Kudus. *Kula niku lak ngukur awak kula, sakjanjane kula kesel*. Kemarin sempat *off* satu minggu penuh, *merga bojo kula sakit ting* rumah sakit. Kalau yang sakit saya biasanya masih bisa saya paksakan, tapi kalau yang sakit isteri saya tentunya harus berhenti untuk menjaga satu-satunya isteri saya, *nambah napa mboten? Nunggu* takdir. Yang jelas istri saya sakit, saya harus berhenti total dan saya baru berangkat ngaji hari Kamis kemarin tanggal dua puluh satu November. Dua puluh satu siang saya dapat penghargaan anugerah santri inspiratif di bidang dakwah. Ketika saya sambutan, saya sampaikan anugerah ini saya dedikasikan untuk isteri saya, karena saya meyakini kesuksesan seorang suami berangkat dari doa isteri, betul? Dan itu artinya, semakin banyak isteri, semakin banyak yang mendoakan. Betul apa salah, ibu-ibu? Salah, itulah cowok, selalu salah di mata cewek. Malamnya, saya ada *tabligh* akbar diperintah sama kiai Said di Masjid Istiqlal. Alhamdulillah puluhan ribu orang datang, yang tahun-tahun sebelumnya hanya dihadiri dua ribu orang.

Maka hari ini saya bersyukur, *bisa sowan dumateng ngarsanipun* bapak ibu, yang pengajian malam hari ini *insyaallah* cukup meriah. Saya lihat di tengah sana *subhanallah, wong tua jilbabe pink*, Ya Allah *jijiki buk buk, tua jilbabe pink*, jangan-jangan *sempake ya pink*. Kita malam hari ini bersyukur bisa berkumpul di sebuah tempat yang baik, di acara yang sangat baik, dan bertemu dengan orang-orang yang baik. Maka saya bisa memastikan yang hadir ini *insyaallah* orang-orang yang baik, dan selesai pengajian *insyaallah* menghasilkan sesuatu yang baik. *Aamiin allahumma aamiin*.

Apakah benar *ikhtifar* memperingati *maulidurrasul* itu peristiwa yang baik? Tentunya iya, maka ketika saya ditanya apa dalil *shahih* tentang peringatan *maulidun* nabi? Saya selalu jawab, untuk mencintaimu saja aku tidak butuh dalil, masa mencintai Rasulullah harus mencari dalil. Maka sering saya sampaikan, Maulid Nabi ini bentuk rasa cintaku kepada nabiku, bentuk rasa cintaku kepada Rasulku, cukuplah malaikat Rakib dan Atid yang menilaiku, *cangkemmu ra usah melu-melu. Apa-apa diarani bid'ah, kula niku tau* tersinggung gara-gara *diarani bid'ah* bab maulid. *Kula tau njajal, kula ngaji jaman sak monten ting* Kulonprogo, *omah kula jaman sakmenten dereng ting* Kalasan. *Mekdal menika kula tasih molimo, napa niku? 'Madhep mantep mangan melu maratua'*. Bahkan kemudian m sepuluh, *'madep mantep mangan melu maratua, maratua muring muring menantu meneng mawon'*. *Akhire m limolas, 'madep mantep mangan melu maratua, maratua muring-muring menantu meneng mawon, maratua mati menantu melu marisi' wah. Maratua kula mung* jawab satu m, *napa niku pak 'matamu'*. *Sakjane nuwun sewu, mbah kula niku sugih banget, tujuh turunan, persoalannya saya keturunan nomor delapan, dadi bondone wis entek*.

Kula merga jaman sakmono napa-napa bid'ah, napa-napa bid'ah, nggih nika ting mriki nggih bid'ah. Pengajian kok *suguhane mung tisu tok, ora ana wedange, kere kere, tak enten-enteni kok ya ora teka, mosok kiai kon nguntal tisu. Anggarane cekak? Haha ora papa. Kula numpak motor, kula mung pengen mbuktekke cangkeme sing ngomong bid'ah-bid'ah, kula numpak motor ora nganggo helm bablas lampu merah*. Malam harinya, *kula mulih ana polisi pinggir dalan tak jarak, niki nyuwun sewu ampun diconto, ampun diconto*. Lampu merah keadaan merah

kula tabrak, wut bablas, dioyak kalih polisine, kecandak? Mboten, wong motor kula ninja sing ngoyak vario, ora imbang bro. Kula niku lak armot, arek motor. Mula tangan kula tau tugel gara-gara motoran. Polisine pinter, begitu kula nabrak lampu merah, polisi yang depan dikontak nganggo HT. Tolong itu yang naik motor pake blangkon tidak bawa helm ditangkap. Akhire kula dicegat ting Jetis, Kota Yogyakarta. Koe ngapa? Ohh wedang, ora kanda-kanda aku kaget. dukke disik baru salaman, dermis. Iki apa? Kopi apa kopi susu? Moh aku kopi susu, kopine ngajak melek susune ngajak turu. Iki apa? Oo kopine lara, espresso karo arabica, kopi panas degan adem, tak umbe kabeh mulih anyang-anyangen. Kok raimu ireng banget to, Le?

Eh gene bib Husain niku tanggal pinten mbenjang, nggih? Oh tanggal tiga, insyaallah tanggal tiga mbenjang sowan Kudus malih, wonten daleme bib Husain. Kula nek sing dawuhi habib niku kula wedi, kudu mangkat wo putune kanjeng nabi og. Lha awakmu Indo-Pakistan, bapakne iblis ibune setan. Lha kula keturunan timur tengah, bapak kula Jawa Timur ibu kula Jawa Tengah. Akhire nyuwun sewu, kula ditangkep polisi ting Kota Jetis. Ditangkap, langsung polisine kanda,”

Polisi : “Selamat malam, Pak”

GM : “Kula jawab “Waalaikumsalam, kyai ji”

Polisi : “Bisa minta surat-suratnya?”

GM : “*Lah kula takoni, “Anda minta surat apa? Fatihah apa Yasin? Niki ruame-ruamene kula dicap ahli bid’ah soale. Fatihah apa Yasin?”*

Polisi : “Yang bener aja, Pak. Surat-surat kendaraan bermotor”

GM : “Oke kula tokke, setengah tua ning kewer-kewer”

Polisi : “SIM nya mana pak?”

GM : “Nyoh SIM, surat ijin menikah lagi” Akhire napa, kula ditilang.

Polisi : “Mohon maaf Bapak, anda saya tilang”

GM : “Saya jawab “Salah saya apa?”

Polisi : “Kenapa Bapak tidak pakai helm?”

GM : “Woo, kula jawab “Helm iku bid’ah, aku ngono kok. Jaman kanjeng nabi ora ana sing nganggo helm”. Akhire polisine kanda”

Polisi : “Anda tau nggak, helm itu fungsinya apa?”

GM : *Kula jawab, “Lha fungsine napa?”*

Polisi : *“Helm itu fungsinya adalah untuk keselamatan berkendara”*

GM : *“Bahasa polisine safety riding”*

Polisi : *“Kalo Anda tidak membawa helm, tidak selamat”*

GM : *“Kula jawab, “Halah sapa sing kanda saiki dibuktikke ya, dites luwih kuat helmmu apa blangkonku?”*

Polisi : *“Carane pripun?”*

GM : *“Helmmu dibanting, blangkonku dibanting, sing pecah sing ndi?”*

Ning aja mbok contoh, soalnya saya risih waktu itu. Napa-napa dianggep bid’ah, napa-napa dianggep bid’ah, dan ini penyakit orang yang baru sedang belajar agama. Sehingga sesuatu yang menurut dia tidak ada di jaman Rasulullah, itu pasti langsung dikatakan bid’ah. Apalagi kemudian ketika mereka selalu mengatakan waqulla muhdasatin bid’ah saben-saben sing anyar niku dianggep bid’ah. waqulla fitatin dholalaa saben-saben sing bid’ah niku sesat. Contoh, maka kenapa kemarin saya ditanya “Apa pandangan Gus Miftah terhadap islam Nusantara?”. Saya jawab “Bagus, islam nusantara itu merupakan pengejawantahan dari islam rahmatan lil alamin”. Kaya wong ngomong moro nggen kula, kan pondok kula beduke guedi nika. Ana wong mara, bid’ah, wo cangkeme kok atosmen.

Seseorang : *“Anda itu salah”*

GM : *“Salahnya dimana pak?”*

Seseorang : *“Manggil orang salat kok pakai beduk”*

GM : *“Kuwi ya goblok meneh, “Pemahamanmu itu yang salah”*

Saya bilang, bedhuk itu tidak untuk memanggil orang salat, tapi sebagai tanda untuk masuknya waktu salat, merga jaman mbiyen urung ana speaker, urung ana TOA, mila jaman wali mbiyen untuk menandai waktu masuk salat niku menggunakan beduk, kalau untuk memanggil orang salat ya tetep nganggo azan. Umpama takmir niki ora ana TOA, ora ana speaker, ora nganggo beduk, ya ora apa-apa, ning saben-saben maghrib takmire cangkeme kon bengok-bengok maghrib ya jebol telakmu. Mila supaya telake ora kesel, mbiyen gawuh carane beduk ngono lho. Sing menarik jaman kula ting Surabaya, wonge guede wetenge lemu, tak bukak sing menarik kok tatonan beduk. Tak takoni,

- GM : “Wetengmu kok tatoan beduk napa?”
 Seseorang : “Aku cinta dengan NU”
 GM : “Kuwi tato beduk, Le?”
 Seseorang : “Enggih”
 GM : *Wetenge niku* penuh dengan bedhug, “*Tutuke ndi?*”
 Seseorang : “*Ngisore*”

Kaya ngono dumej malem jumat sing dieling mung tutuke tok. Engko melbu kamar, bojomu diceluk. “Pak, endi tutuk beduke?”. Los ora rewel, cangkeme lho. Lha pemahaman-pemahaman seperti ini hari ini marak. Sehingga orang kemudian apa? Semua harus dicontohkan oleh Rasulullah, kalau tidak ada pada diri Rasulullah berarti bid'ah. Ya nyuwun sewu, lak kudu kabeh padha karo kanjeng nabi, ora bakal isa. Tak wenahi contoh cilik mawon, sesuatu yang dianggap sunah jaman Rasulullah hari ini konteksnya berbeda, maka hukumnya juga beda. Tetep sunah, tetapi lak kudu padha. Contoh, kanjeng nabi menawi dahar nganggo driji pinten? Tiga, kenapa beliau makan pakai tiga jari? Karena yang dimakan kurma, buah tiin, buah zaitun. Ana wong Kudus, “Kita harus sama dengan Rasulullah, Rasulullah pakai tiga jari, saya harus tiga jari”. Ya ora papa, sugu soto Kudus panas-panas, ora usah nganggo sendok, ora usah nganggo garbu, mlonyah jempolmu tak kandani. Mila kudu nganggo sendok, kudu nganggo garbu. Napa berarti awake dewe ora nganggo sendok, ora nganggo garbu, ora melu sunah rasul? Ya melu. Sing dicontoh ki lak sing gampang-gampang mawon ngono lho. Contone, kula niki lak bab dhahar kanjeng nabi sing kula contoni. Ketika salah satu diantara kalian makan, janganlah kamu mencuci tangannya sampai kamu menjilatinya atau menjilatkannya. Dadi bar mangan iku sunah tangane diemut utawa kon ngemutke bojone, niku sunah. Mila, mas Anton jenengan bar mangan, bojomu diceluk, “Buk, ndi cangkemmu?”. “Nyoh”. Niku hukume sunah. “Lha cangkemmu ndi mas?” “Nyoh”. Tapi ingat, hadis itu tidak berlaku sesama anggota banser. Malah jijiki, wong banser mut-mutan jempol. Oh ning kene ki ya ana wonge to? Tak pikir dhemit e Bu, Bu.

Maka disinilah kemudian pentingnya kita belajar *ngaji* dari guru yang tepat, dari guru yang benar. Maka *jenengan* bersyukur tinggal di Kudus, Kudus itu tidak hanya gudangnya wali tapi gudangnya kiai. Kalau kemudian ada pemahaman-

pemahaman, tidak penting *ngaji* dengan kiai, *ora perlu melu* ulama, langsung saja dengan *kanjeng nabi*. Aku *takone* gampang kok, *gek matamu ki* kapan *nyawang kanjeng nabi*? *Ya ora isa*. Maka kita harus sama persis dengan *kanjeng nabi*. Kalau semuanya harus sama persis dengan *kanjeng nabi*, saya sampaikan, *kanjeng nabi rabi* umur dua puluh lima tahun, *kok ana* banser Kudus *telung puluh tahun rung rabi* berarti *bid'ah*. *Ya bid'ah* tur mesakke. *Ngapa e cangkeme cah iku?* Kok malah bayangke tutuk beduk wae. Kula mbiyen rabi ya *bid'ah*, wong kula rabiné umur dua puluh empat tahun kok. *Urung* dua puluh lima tahun kan berarti *bid'ah*. Kula mbiyen rabi merga kepepet. Meteng ndisik matamu, ngawur. Kiai kok meteng ndisik. Oo cangkeme ngawur ki, mosok kiai meteng ndisik. Emange aku cowok apaan, codot. Kula niku rabi disik niku rabi kepepet merga kula sakjanjane pengen rabi umur dua puluh lima tahun kaya *kanjeng nabi*. Tapi, gara-gara kula sering ngular-ngular manten, diundang pengajian nasihat pernikahan, kula diilokke kalih kiai-kiai, “*Koe ki rung rabi kok ngandani wong rabi, Gus, Gus*”. Kula jawab “*ora papa, mbah modin kae durung tau mati kok mbudalke jenazah*.” Apa mbah modin kudu modar ndisik lak ya ora. Akhire kula kenal kalih mbokne bocah niki, sebulan langsung tak lamar. Cerewet ngatur-ngatur. Akhire dua puluh empat tahun kula rabi, berarti kula ya *bid'ah*. Nggak bisa kita kemudian mengatakan harus sama persis.

Maka malam hari ini *jenengan badhe* kula ajak, bagaimana sih kita mencontoh *kanjeng nabi* itu? Dalam hal apa sajakah kita mencontoh *kanjeng nabi*? Supaya mboten salah kaprah. Jangan gampang mengatakan ‘harus sama dengan *kanjeng nabi*’. Lak kudu padha karo *kanjeng nabi*, awakmu ngerti *kanjeng nabi rabi mas kawine* apa? Dua puluh ekor unta, satu unta harganya berapa? Dua puluh juta. Kalau kemudian kita harus sama dengan *kanjeng nabi*, berarti *mas kawine* kudu patang ngatus juta, *gek rabimu* kapan ser-ser, wong mangkat pengajian ya ra tau gajian kok, ha mumet ndase kok. Kula mbiyen rabi mbokne bocah iki mas kawine keren, dua puluh ekor, tengu. Ora isa kon padha ngono ora isa. Maka bapak ibu rahimakumullah, dalu menika *jenengan kula* ajak bagaimana memahami apakah dalam peringatan maulid ini ketika berbicara tentang Rasulullah, ketika Allah SWT mengatakan *laqod kaanarokum fii rasulillahi uswatun khasanah*, napa awake dewe

iku kudu pada persis uswatun khasanah sing dicontohke kanjeng nabi? Kula jawab ra mungkin padha. Sumber daya manusiane beda, lha kaya habib Husain iki isih mambu getihe kanjeng nabi og, lha awakmu? Grandong, ya ora mungkin padha.

Dunia diciptakan oleh Allah SWT merupakan bagian kecil dari nur-nya Muhammad. Allah SWT menciptakan langit sekalian bintang, bulan, dan matahari bagian kecil dari nur Muhammad. Allah SWT menciptakan bumi, bagian kecil dari nur Muhammad. Allah SWT menciptakan lautan dan ikannya, kecil dari nur Muhammad. Bahkan Allah SWT menciptakan seratus dua puluh empat ribu nabi, itu hanya bagian kecil dari nur Muhammad. Allah SWT menciptakan surga dan neraka, nikmat dan siksa, kecil dari bagian nur Muhammad. *Mosok wong ampuhe kaya ngono kok awake dewe kon padha, ya ora mungkin. Mila nyuwun sewu, ora ana kok kiai nyedakke akhlake kanjeng nabi, ora mungkin isa. Napa kiai niku kudu dicontoh? Ora, kiai niku ora kudu dicontoh. Kiai niku tugase napa? Ngajak umat supaya nyonto kanjeng nabi. Koe nyonto aku ora isa, aku biasane ning kafe kok, aku biasane ngaji ning klub malam, aku biasane ngaji ketemu lonte, awakmu ra mungkin kuat ferguso, ra mungkin kuat. Wong kula ngaji ting lokalisasi jenengan melu, waa gelem melbu ra wani metu. Kula terakhir niku melbu kafe ting Surabaya. Masyaallah ngerti kula ting gang dolly, sakderenge kula ting gang dolly niku kula diampirke, “Gus mbok mampir ting kafe kula”. Tak pikir ngaji tenanan to Le, begitu aku melbu kafene, ternyata siap-siap dugem, Ya Allah. Dengan pakaian dinas masing-masing, maka begitu saya masuk Ya Allah pakaiane, isusu panter, ini sungguh-sungguh pantatnya bikin gemeter. Begitu kula mlebet kafe, langsung diumumke kalih MC ne padha karo cangkeme cah iki mau lho, “Selamat datang Gus Miftah, presiden para pendosa”. Ya Allah dadi sebutan kula niku anyar, presiden para pendosa. Begitu kula ajeng munggah panggung, mbak-mbak niku nyedak njaluk selfie. Kula nengok ngiwa susu, nengen susu, ngarep susu. Ya Allah, disitulah kenapa saya memutuskan untuk menggunakan kacamata hitam. Supaya apa? lak nglirik men rak ketok. Aku melbu kafe langsung wow, awakmu ya ngono lak delok cewek ayu ning dalan waw, delok bojo ning omah, weh. Ora mungkin pada karo kanjeng nabi.*

Maka malam hari ini saya hanya fokus pada satu ayat, *laqod kaana lakum fii rashulillahi uswatun khasanah*. Ayo, *didelok tenanan* bagaimana kita mencontoh *kanjeng nabi*. Apakah kita harus sama persis atau tidak? Jawabannya tidak. *Kula niku sing lak melu kanjeng nabi tenan nggih, kula praktekke tenan ya kula* sehat. Seperti yang sering saya sampaikan, *kula mbiyen niku luemune ora* umum. Berat badan saya *niku* dulu seratus lima kg, sakniki tujuh puluh tujuh kg. *Kula niku* pernah *kuru, lemu, kuru, sakniki rodok lemu meneh*. *Kula kuru* kapan? Jaman *melbu* Yogya pertama kali tahun seribu sembilan ratus sembilan puluh sembilan, *bobot kula mung patang puluh papat* kg gara-gara *kula manggon ting masjide wong Muhammadiyah*. Gara-gara *kula melu wong Muhammadiyah, kula kuru, bobot kula naming patang puluh* kg. Kenapa *kula melu Muhammadiyah kuru*? Soale Muhammadiyah *blas ora tau ana selamatan*. *Ora ana mangan-mangan blas, kere-kere, kan Muhammadiyah ora ana selamatan blas bro*. Begitu *kula rabi kalih mbokne bocah niki, balik ting lingkungane wong NU, kula langsung lemu*. Ngapa *kula rabi karo cah NU lemu*? Cetha, *susune cocok*. *Ora usah ngomong mbokmu koe*. Kompromi *matamu*. Anak *kula niki mbiyen ora gelem sekolah, Pak*. Awale *niku* gara-gara umur *patang tahun, arep dilebokke TK, bojo kula matur* “Beb, *putrane kula lebokke TK nggih?*”. *Kula jawab, “ora usah”*. “*Lah njuk pripun?*”. “*Kon ngaji ndisik, mengko lak wis isa ngaji baru dilebokke TK*”. “*Oo ngoten*”. Aku *ra isin lak anakku ora isa matematika*, tapi aku *isin lak anakku ora isa ngaji*. Akhire *tenan, anak kula kon ngaji niku mboh pinter apa ora, kula ora urusan*. Pinter *apa ora mengko urusane gusti Allah, sing penting anak niku belajar, dadi kula niku* nggak pernah membebani anak apapun. Akhire *tenan, anak kula senengane ngaji, ora gelem sekolah*. Kelas *telu munggah kelas papat, soal matematika sepuluh salah kabeh*. Iya *iki bocahe ya iki*. Gurune *ora wani nyeneni, lha cetha kok, anake kiai*. Akhire *gurune* tak telfon, “*Pak, lak arep nyeneni anak kula ting pondok*”. Anak *kula diparani kalih gurune*, “*Mas kenapa kemarin soal matematika soal sepuluh salah semua nggak ada satupun yang benar*”. Anak *kula jawab, “Nggih pak guru nyuwun sewu, kenapa semuanya salah nggak ada satupun yang benar matematikanya, karena kebenaran itu hanya milik Allah*”. Betul Le, lanjutkan. *Jenenge matematika, makin tenanan makin tidak karu-karuan*.

Kula mulih ngaji, mbiyen zaman ting pondok bendino melu kula ngaji pak. Kula ngaji babagan hormat karo wong tua, anak kula nggih takon, “Abah, tadi kan Abah bilang surga itu di bawah telapak kaki ibu. Kenapa Bah?” Arep tak jawab to, malah dienyek, kiai kok ora isa jawab. “Koe takon apa Le? Kenapa surga di bawah telapak kaki ibu?”. Kula jawab, “iya nak, kenapa surga di bawah telapak kaki ibu? Karena kalau diantara telapak kaki ibu, surganya bapak”. Anak kula jek jawab, “oo pantasan wingi ibu mlakune alon-alon”. Lha ngapa? Wedi surgane rusak, cangkeme cangkeme. Mila kula diwaduli kalih gurune “Gus, anake ngeten”. Wis ora papa, anak ki wis waton mondok aku wis seneng. Soal pinter apa ora niku ora kewajibane wong tua, nggih napa mboten? Mila niku jenengan ngrungoke, anak niku stres gara-gara wong tua terlalu membebani pendidikan pada anak. Anake ra munggah kelas, ngunekke sak modare. Anak rampung kuliah, rampung mondok nganggur, wong tua cangkeme mulai cerewet. Koe ki cilik tak gedekke, goblok tak pinterke, rampung kuliah rampung mondok kok nganggur Le, Le. Gek kapan bales budine wong tuamu? Niku salah. Lak anake kaya kula, kula jawab “ngapa jenengan jaluk bales budi kalih kula, kula ya ora jaluk dilahirke kok. Jenengan mbiyen gawe karo bapak, aku ya ora ngrasa kepenak kok”. Iya Le, awakmu mondok-mondok wae, apalan Quran sak entukmu, munggah kelas ora munggah kelas Abah ora urusan, sing penting gelem mondok, disyukuri to ora narkoba, nggih napa mboten? Anak kok dibebani macem-macem, wong tua ki lho rungokno kupingmu. Tua, kemayu, jilbabe pink, terganggu mataku. Sapa sing kanda STNK? STNK ki setengah tua ning kewer-kewer. Lak kuwi ora kuwi, STMM, setengah tua meh modar. Akhire kula manggon ting masjide wong NU, kula lemu, bobot kula langsung satus kg. NU ki elok tenan. Lha napa kula dadi wong NU lemu? Lha wong titik-titik mangan kok. Yasinan mangan, tahlilan mangan, mauludan mangan, tanggane lara jaluk didongake, mangan. Delalah sing lara mati, mangan meneh. Pitung dina ki lho, nganti bocah hadroh rupane kaya besek kabeh. Jaman sakmonten kula stres, akhire kula maca sirah nabawiyah, lak niki kula prakteke tenan niki. Kula maca sirah nabawiyah gara-gara kula ketemu kanca kula dokter tiyang UGM, “Gus mbok ojo lemu-lemu to”. “Lha napa dokter?”. “Usia di atas 30 niku rawan dengan penyakit generatif”. “Penyakit generatif itu apa?”. “Ya diabetes

millitus, jantung koroner, *stroke*”. *Jenengan pirsu stroke niku penyakit napa? Stroke niku* diakibatkan gara-gara senyum yang tidak simetris. Senyum simetris niku ke kiri dua senti, ke kanan dua senti. *Lha wong stroke niku guyune mung ngiwo tok ora ono sing nengen. Ajeng jenengan contohke napa, kang?*

Akhire kula maca sirah nabawiyah, kula delok kanjeng nabi niku usianya enam puluh tiga tahun. *Kanjeng nabi niku dadi rasul* dua puluh tiga tahun, dari empat puluh sampai enam puluh tiga dadi pedagang *niku* dua puluh lima tahun. *Mila sakjanjane ideale niku ngoten, dadi kiai niku sugih disek* baru dadi kiai. *Padha, pejabat niku ideale sugih disek* baru dadi pejabat. *Lak kere dadi pejabat, alah alah biasane niku nuwun sewu, lak imane ora kuat, maling duite rakyat. Wong sakniki DPR-DPR niku nuwun sewu,* begitu dilantik SK *ne dilebokke* bank. *Oo tenan, wonge ya teka iki, ya melu guyu. Etok-etoke* buka HP, padahal HP *ne* Cross. *Mila ideale niku* pemimpin utawi kiai *niku sugih disik* baru dadi kiai. Saya tidak mau isu-isu ini berkembang, *kula niku* sering kena isu soal *ngaji niku babagan* amplop. *Kula niku nyuwun sewu, kabeh wong niku* pengen *melu ngewangi kula* nyusun jadwal ngaji. *Kula dewe kadang-kadang ora ngerti, waton wong gelem melu ngurusi ngaji, kula jak.*

Kadang-kadang *nyuwun sewu,* ada isu-isu amplop, tarif dan lain sebagainya. *Kula jawab, “kula niku rung tau lak diundang jamaah biasa ngarani duit. Tapi lak kula diundang pejabat, niku mesti kula ngarani, jujur mawon”. Lha soale napa? Kadang-kadang pejabat niku ngundang kula ngaji dinggo stempel, niku lho. Isa nekakke Gus Miftah, padahal pejabatate niku kelakuane buosok niku nggih wonten. Lha mila lak kula diundang pejabat, lembaga, ngundang kula ngaji tak jaluki duit. Ana itungane mas Anton, soale kula bola-bali diapusi. Kula ngaji diundang walikota ting Jakarta, sing ngundang panitiane* berkaitan dengan EO, *wah iki lak* berkaitan EO *wis buosok utekke. Kula mulih sanguni duik rongpuluh juta.* Begitu *kula mulih ting pondok* ditelfon *walikotane,* “Gus, mohon maaf, apakah titipan dari saya sudah diterima oleh Gus Miftah?”. “Sudah”. “Kalau boleh saya tau berapa gus?”. “Dua puluh juta”. *Walikotane misuh-misuh, “kurang ajar saya itu nitip uang tujuh puluh lima juta kepada Gus Miftah melalui EO”. Dikekke rongpuluh juta, dadi sing diuntal codot seket lima juta tak kandani. Melas matamu ki melas, gek ra urun*

e cerewet. Mila nyuwun sewu nggih, kalau ada orang yang ngaku tim, orang yang ngaku manajemen Gus Miftah telfon jaluk duit ora usah mbok wenehi. Wingi tiyang Malaysia niku ketipu lima belas juta, gawe KTP discan gambare foto kula. Lha delalah bocah niki duwe masalah, kondo niki bakal dirampungke kalih Gus Miftah, kula asistene niki buktine KTP ne, ditransfer lima belas juta niku mengatasnamakan kula.

Kula niku nyuwun sewu kok, kula niku mangkat ngaji sak nggon-nggon gadhah kok, nganggo sangu katah, mobilku kudu apik, wetengku kudu warek, men ra duwe rasa tomak. Tapi nyuwun sewu, lak sing ngundang pejabat kaya pak DPR niki umpamane rungokno hoo to, jane mesakke wis sertifikate ning bank, gajine entek dinggo bayar bank, wis rapapa pak. Mila panitia lak pengajian ra usah jaluk DPR ya, mesakke. DPR DPR saiki ki uripe mung ngandalke kunjungan kerja tak kandani. Eh, aku ki duwe kanca DPR ting Kudus, santrine abah Sragen, Mukhlisin. Ha ndi iki Mukhlisin, Sin Mukhlisin, koe ki ya goblok aku ngaji ning kene ora melu. Pokoke DPR gelem ngaji insyaallah selamat pak, wong gelem ngaji kok arep pemilihan tok. Suwi-suwi niku mung dianggep kaya dong salam tok, mung koya laos, yen ajeng masak sayur digoleki disik dewe, yen mateng dibuak disik dewe, kurang ajar. Jajal lak ono Mukhlisin kene munggah panggung kene, tak wejangi kene DPR e. Pak, pak DPR nggih kenal karo Mukhlisin? Jenengan nggih Kudus? Ha kudune ana iki Mukhlisin.

Dadi nyuwun sewu, tak waca tenanan iki men aku isa kuru kaya kanjeng nabi. Enam puluh tiga tahun kanjeng nabi tau dadi wong sugih banget. Mila komplit, kula wangsuli nggih, ideale kiai niku sugih disik baru dadi kiai. Mila jaman jenengan tau tindak ting pondok kula, kula nggae omah karo nggae masjid. Kula gawe mejid karo gawe omah, kula disikke gawe omah, Pak. Soale lak kula gawe masjid lagi gawe omah, mesti dirasani karo jamaah. Kae Miftah, bar gawe mejid oleh turahan semen isa gawe omah. Mesti difitnah, mula kula gak gelem. Podo kalih kula mbiyen, kula niku mbiyen lak ameh ngrabi wong Kudus. Tapi lak ra sida, gara-gara maratua kula wong kondang, aku moh. Lak aku ngrabi anake wong kondang, cilaka, mas Anton. Lak aku ora isa kondang, dienyek karo wong-wong niku, malah maratuane kondang kok mantune ora kondang. Tapi lak kula isa kondang tetep

dienyek, ya maklum Miftah kae kondang merga maratuane kondang. Mila kula donga, Ya Allah kula tak rabi kalih wong biasa mawon, maratua sing goblok, bila perlu ben gampang diapusi.

Hayo wong lanang tak takoni, koe lak golek bojo milih sing ndi? Bojo sing pinter apa bojo sing goblok? Pinter? Ya tak jawab. Nomer loro, koe lak golek bojo milih sing manut apa sing bantah? Manut, berarti pilihanmu salah. Lak koe golek bojo sing manut, koe miliho sing goblok, soale wong goblok niku biasane manut, lak wong pinter niku biasane bantah. Wong koe golek bojo sing pinter manut, berarti sing goblok koe, blok goblok. Ning rata-rata lak kiai niku bojone galak, maka bapak-bapak ra papa nek bojone galak. Wong lanang bojone galak sesuk nek ning akhirat siksane dikurangi gusti Allah. Kenapa kalau isterinya galak di akhirat dikurangi siksanya oleh Allah? Karena suami di dunianya sudah sangat tersiksa. Ha mboh kaya pak Danramil iki, ning kantor gayane heh heh heh heh, ning omah ya kik kik kik. Santai pak Danramil, waline gusti Allah niku rata-rata bojone galak. Contone, sayyidina Umar niku bojone galak, mila bapak-bapak yen bojone galak insyaallah dua kemungkinan. Kemungkinan pertama, Anda akan jadi walinya Allah. Kemungkinan kedua, Anda akan menjadi stroke insyaallah. Buk, jenengan galak mboten kalih bojone? Jal tak takon, mumpung akeh mbok-mbok iki. Ting Al-Quran niku ada empat macam tipe keluarga, tiyang Kudus milih sing ndi? Siji, tipe keluarga nabi Nuh, sing lanang sholeh sing wedok nakal. Lara, tipe keluarga Firaun, sing lanang nakal sing wedok sholihah. Telu, tipe keluarga Abu Lahab sing lanang nakal, sing wedok nakal. Papat, Ibrahim, sing lanang sholeh, sing wedok sholihah. Ibu-ibu Kudus jenengan milih sing ndi? Nuh, Firaun, Abu Lahab, napa Ibrahim? Ibrahim. Alhamdulillah, dan Anda tahu, Ibrahim isterinya dua. Lak jenengan milih keluarga Ibrahim, jenengan siap dipoligami, setuju ibu-ibu? Koe mau ngomong apa? Koe mau jawab Ibrahim kok. Ora sida Ibrahim, Firaun ya ora papa.

Jagalah isteri jangan kau sakiti, jagalah suami jangan sampai berpoligami. Bu Polisi, pak Danramil, dicatat mereka setuju dengan lagu saya. Lanjutkan? Lanjut. Jagalah isteri jangan kau sakiti, jagalah suami jangan sampai berpoligami. Bila suami menikah lagi, hati isteri sedih sekali, dunia terasa hampa suami dibagi dua.

Namun bila isteri rela semuanya kan berpahala, Allah pasti membalasnya, surga sebagai jaminannya. Setuju ibu-ibu? *Mau setuju, saiki domblong. Mila supaya bojomu ora rabi meneh, tak wenehi carane.* Jagalah isteri jangan kau sakiti, jagalah suami jangan sampai berpoligami. Bila suami mulai tak betah, isteri harus segera berbenah, bila perlu pergi ke salon biar tidak kelihatan oon. *Kuwi lho rungokno, lak mangkat ngaji ning* Taqwa *ae beh dandane.* Pengajian jam pitu, jam lima wis dandan tak kandani. *Raine dikerok, didempul karo wedak viva nomer papat. Alise kerok ganti buntut kalajengking. Bajune matching, jilbabe pink, roke pink, sempake pink, sandale jinjit ngarep. Lak* penampilan ketemu wong lanang *ning dalan ae ngono, basane ning omah disawang bojone dewe* Ya Allah daster tua *bolong-bolong, ambune sambil terasi, boyoke bekas kerokan, nalika tangi petil siji.* Tiba-tiba gorengan kopi, gorengan kopi diseret sapi. *Amit-amit, ibu-ibu Kudus saiki, taline kotang petil siji dicemiteni. Anyar matamu.*

Dadi niku, kiai niku kudune sugih disik. Kudune sugih disik men kajen, akhire tak waca kuabeh, enam puluh tiga tahun, dua puluh tiga tahun *dadi nabi,* dua puluh lima tahun *dadi pedagang.* Seumur hidupnya hanya sakit dua kali, itupun penyakitnya hanya puskesmas, pusing keseleo masuk angin. Podo kalih mbak-mbak ting kafe *niku kerjone ting* puskesmas, pusat kesenangan mas-mas. Pekerjaannya apa, karaoke, *katok rok dibuka oke.* Pekerjaan mereka apa? Mewarnai, mewarnai kehidupan rumah tangga orang lain. *Kula niki sesuk ajeng mangkat ting* Jakarta, *ngumpulke bocah kafe se-Jakarta. Wingi bar kolesium, kolesium niku* anak dunia malamnya hampir seribu dua ratus. *Pakaiane sms, silite metu setitik. Vitamin matamu.* Itu bukan vitamin ya, *ngaji* yang menyenangkan, *ngajinya* berpahala, matanya bervitamin. *Ngono pak DPR, ojo nganti DPR kalah karo lonte. Lah ya kula* ngomong, *lak DPR-DPR sing korupsi kalah karo lonte. Kalahe ting pundi? Lonte* itu hanya menjual kehormatannya, *lak DPR sing korupsi niku* menjual kehormatan rakyatnya. *Lha wong tenan, aku lak karo pejabat ki sayang, mila tak unek-unekke. Men selamat,* langsung DPR e sumuk *jipuk tisu ngelapi.*

Niki ajeng pemilihan Lurah *kadose, kula niku wau* sepanjang jalan delok. Ohh sudah, ati-ati pak Lurah *sing dadi rungokno kupinge,* bu Lurah *ndi wonge.* Bu

Lurah, oo ning ngisor, ya maklum wong wedok senengane ning ngisor kok. Bahasa kula niku kuasar asli. Kula sering ngomong, jaman ana calon DPR RI ketangkap karo KPK gara-gara bagi duit dua puluh ribu. *Jenengan pirsane*, berapa yang disita KPK? Delapan puluh kardus. *Isine* dua puluh ribu karo lima puluh ribuan. *Kula lak lara ati*, rakyat limang tahun suarane dituku rong puluh ewu. *Kula niku ting Jogja, ting sarkem* lokalisasi binaan kula, *lonte sing paling murah niku regane* dua ratus ribu sak jam. *Lonte sak jam dua ratus ribu*, suarane rakyat limang tahun dua puluh ribu. *Berarti luwih larang? Lonte*. Pengalaman mbahmu, kan aku gratisan. *Eman-eman, ha wong rong puluh ewu kok limang tahun*, dipilih niku ora merga duit, merga kinerjane. *Mila bola-bali dimutaken, sing nyogok karo disagok padha-padha neraka*. Hayo ibu-ibu Kudus, *jenengan milih sing ndi? Nyogok apa disagok? Malah sogok-sogokan*.

Akhire kula waca tenan, kenapa Rasulullah sehat? *Hayo sholawatan disik ya bocah-bocah ki*. *Koe ning kene arep nabuhi apa arep nampang raimu tok ning kene? Jaluk lagu apa? Kartonyano Medot Janji? Kecantol cawet matamu. Kok ngaji ana kecantol cawet ki lho, ambyar ambyar. Cidro? Ditinggal rabi? Pamer bojo? Aku kabeh isa iki. Mbiyen aku sih betah suwe-suwe wegah nuruti kekarepanmu sansoyo bubrah. Mbiyen wis tak wanti-wanti aja ngasi lali. Iki lak bosok iki, mosok mbiyen aku sih betah, suwe-suwe mlumah nuruti kekarepanmu sak wayah-wayah, mbiyen wis tak wanti-wanti aja melbu mburi. Cuangkemu bosok, Le Le. Hayo isa nabuhi orak iki? Ha ngene, reff e ngene Kartonyano ning Ngawi medot janjimu digawe sholawat. Sholawatan.. kok kebangetenmen dijak ngaji malah maidoni, gek ayo budhal saiki ning majelis ngaji kok angel temen koe dikandani. Lara ati iki, angel temen koe dijak ngaji, nek uwis ketekan pati koe bakal rugi. Ra isa mbaleni, mangkat budhal ngaji. Terus, goblok ki lho, aku nyesuaise koe kok malah mandek, mumet ndasku. Mbiyen aku sih betah, suwe-suwe wegah nuruti kekarepanmu sansoyo bubrah, mbiyen wis tak wanti-wanti ayo budhal ngaji. Tapi kenyatannya pergi. Sholawat... Ngono ki rapapa, koe seprono seprene pengajian lagune mung cokor boyo tok. Sing gaul titik, aku ngerti ncen umurmu milenial tapi utekmu kolonial tak kandani*.

Sing paling gampang apa kuwi? Ora mung ketuplak-ketupluk, ketuplak-ketupluk. Tahu bulat? Digoreng dadakan? Kuwi mbak-mbak rungokno, tahu bulat digoreng dadakan kecil saja lima ratusan kok, mosok namu gede enak kok gratisan. Wis sing paling gampang iki ditinggal rabi, ayo tak ngadek. Ibu-ibu suka saya berdiri apa duduk? Itulah cewek, dimana-mana suka yang berdiri. Mbeta HP napa mboten? Ana flash e apa ora? Yuk diuripke flash e, tak menghibur pak DPR sing mumet ndase kuwi. Lampune pateni, pak panitia. Gensete pateni? Gensete pateni lak aku ngomonge piye, guoblok guoblok. Coba lampunya dimatiin saja semuanya. Hayo tak menghibur wong Kudus. Semuanya dimatikan, nek rak isa mati ketua panitian tak pateni dewe. Heh kuwi ana bu Lurah, bu Lurah pateni. DPR? Ora usah mbok pateni ya mati dewe. Diangkat sedaya sing duwur, digerakkan ke arah jenengan dulu nggih. Shollu alaa nabi Muhammad. Atiku rasane lara, nyawang kanca adoh karo agama. Ra duwe tata krama, Qurane ra diwaca, salate ya ditinggalno. Apa iki wis jamane, cah-cah enom kelangan akhlake. Wong tua diseneni, guru ya didapuki, ayo rene gek ndang ngaji. Sholawat... Sekali lagi yang lebih kenceng. Atiku rasane lara, nyawang koe rabi karo wong liya. Nangis getih eluhku remuk ajur rasaku koe tega ninggal aku. Apa iki wis dalane, kudu pisah kelangan tresnane. Kudu kuat atiku, kudu kuat batinku senajan nyiksa tresnaku, sholawat..

Ayo hadrohe sekali lagi. Mas apa koe lali karo sumpah janjimu, mbiyen bakal ngancani urip tekan matiku. Pancene koe tega, medot tali asmara rabi karo wong liya mblenjani tresnaku nelangsa. Terakhir, sing banter sholawate. Lanjut? Lanjut. Malem napa niki? Malem jumat. Diangkat sing duwur, muga-muga ahli kubur pikantuk barokah saking sedaya menika. Sholii... Sing banter bareng-bareng. Saben malam jumat, ahli kubur mulih ning omah. Kanggo jaluk donga wacan Quran wacan sak kalimat. Lamun ora dikirimi banjur bali dredes mili, bali ning kuburan mangku tangan tetangisan. Sholiii.... Kebacut temenan gerhana turunku. Koe ora wirang padha mangan tinggalanku. Lamun aku bisa bali ning alam donya, bakal tak ringkesi donyaku sing isih ana. Sholiii... Kami cinta tanah air Indonesia, kami bangga jadi bangsa Indonesia, NKRI akan selalu kami jaga, mengharap pahala Allah dan ridhonya. Sholiii...

Diuripke meneh lampune. Ngumbe apa ora ya cangkemku dewe to. Arep ngumbe og lak didelok cangkemku ya isin to aku. Hah ngeboti wong Kudus, aku kesini karena cintaku padamu. Apa itu cinta? Cinta itu ibarat air kencing di dalam kolam renang. Maksudnya? Wujudnya tidak nampak, tapi hangatnya bisa dirasakan. Aku tau og, ning kolam renang nguyuh. Lanjut napa rampung? Kuwi ya ngono, lungguh ngarep dewe, tungkake selonjorke. Jane ya ora papa, mung aku mbatin apa ra ngrumangsani tungkake mletek-mletek. Akhire kula waca tenanan iki sirah nabawiyah, mang rungokke. Napa penyebab kanjeng nabi sehat? Ohh kuwi Mukhlisin, DPR pengajian telat kuwi piye to, Sin Mukhlisin. Pokoke rakyat niku ra kena meri karo DPR, soale DPR niku wakile rakyat. Rakyat pengen sugih diwakili karo DPR, pengen duwe omah apik diwakili karo DPR, jalan-jalan luar negeri diwakili karo DPR, nyemplung neraka diwakili karo.... Ora-ora, Pak. Sesuk wong semene kabeh tak dongakke melbu surga. Lha ning jero surga kuwi ana DPR koruptor, akhire imame Masjid Taqwa protes karo malaikat. Heh malaikat, niku ana DPR koruptor ngapa melbu surga? Pak imam, jenengan sing sabar, DPR koruptor niku melbu surga hanya kunjungan kerja. Dadi lak kunjungan kerja niku suwi napa mboten? Mboten, sediluk rong dina balik meneh.

Mila pak DPR, lak bahasane Abah kula niku ngeten, kewan sing mangan tanduran ning sawah diarani bajing, lak pejabat sing nguntal duit rakyat kuwi jenenge... sing ngomong rakyatmu, pak DPR. Langsung DPR e mbatin iki, waduh salah milih kiai iki. Ora papa, ora urun wae protes. Pak DPR, ngaji ngeten niki apik napa, mboten pak DPR? Ngundang dewe, sae ngundang dewe, ra mung numpang tok. Langsung DPR e mbatin iki, kiaine asu iki. Iya ki Mukhlisin nang kono ki. Sijine sapa kuwi? Nurhadi, nur ki cahya, hadi ki petunjuk. Kudune gandeng karo Mukhlisin wong sing ikhlas, ngono. Malah musuhan, dume beda partai. Lak kula niku diundang kementerian, diundang pejabat negara, kula kanda, ngundang Gus Miftah niku kontribusinya kritik, lak ora gelem dikritik niku ora usah ngundang ngaji. Wong kritik niku lak merga seneng, nggih napa mboten? Lak ora seneng ya ora mungkin ngritik, mila Nurhadi aja ora seneng karo aku, Nur. Nek didelok soko kopiahe biru, ketoke partaine ya biru iki, napa? Oo ijo, PKB. Sijine Mukhlisin apa Mukhlisin, ya Golkar karo PKB ki kudu akur ngono lho, orak jambak-jambakan.

Tegese akur ki lak korupsi dibagi-bagi ngono lho, mila dipunngendikaken afdholul korupsi bil jamaah. Wis muga-muga pak Nurhadi kalih Mukhlisin selamat, amin allahumma amin.

Niki mau kula maca, napa rahasia sehate kanjeng nabi? Rahasia sehate kanjeng nabi niku ana telu. Sek tak mateni flashku, boros. HP ku ya Iphone, padakke Nurhadi, Cross. HP nyilih matamu HP nyilih, kiai viral HP nyilih. Aku mau ngerti pak Nurhadi HP ne Cross soale mau flash e redup, beda karo Iphone padang. Apa? Ijolan? Ora level. Napa rahasia sehate kanjeng nabi? Yang pertama, kanjeng nabi sregep poso. Mila jenengan sering krungu dawuh sumuu tasihi, puasalah kamu maka kamu sehat. Napa puasa sunah sing dilakoni kanjeng nabi? Yaumuul isnin, dina senin. Ketika ditanya Rasulullah ngapa kok kon poso dina senin? Karena pada hari itu aku dilahirkan. Lak delok soko hadis niku berarti kanjeng nabi niku memperingati mauludnya seminggu sekali. Awake dewe mung setahun sekali kok dibilang bidah, cocote. Seminggu sekali kanjeng nabi mauludan, awake dewe setahun pisan. Berarti maulid nabi ana dasare napa mboten? Ana. Hari Kamis, mengapa hari Kamis disunahkan berpuasa? Karena hari itu kanjeng nabi setoran hafalan Quran kalih malaikat Jibril. Itulah mengapa awake dewe dina senin disunahke nyenin, dina Kamis disunahke ngemis. Nomer lara, poso napa? Dawud. Dawud niku napa? Dawud niku sedino poso, sedino mboten. Lha kula melu sing nomer lara. Jaman kula lemu kula memutuskan untuk puasa dawud. Sehari puasa sehari tidak. Termasuk bulan Ramadhan, kula juga dawud. Iya ora kok, Ramadhan kok dawud. Akhire kula puasa dawud plus ngrowok. Ngrowok niku napa? Ora mangan sega. Lah kaya niki wau kula ora poso, sesuk kula poso, sesuke ora poso, sesuke poso. Niku kula rasakke tenanan, rasane uenting. Mila ibu-ibu sing ngroso kelemo niku poso dawud. Lak jenengan pengen kuru ora gelem poso gampang, bojomu kon rabi meneh. Tiga bulan koe kuru, lima bulan koe stroke, tujuh bulan koe modar. Ngono. Polisi kok lemu kaya bu Kapolsek niku. Ngono, poso Ndan. Jane bu polisi ora lemu kok, mung wetenge kaya pahala bulan Ramadhan. Napa niku? Berlipat-lipat. Ora-ora Bu, ngono ae nesu karo aku. Aku lak polisi lanang ora wedi, lak polisi wedok wedi tenanan aku. Wong wedok ki ora duwe pangkat wae medeni, apa meneh duwe pangkat. Koe wong sipil rabi karo wong wedok polisi,

wah mumet ndasmu apa-apa ijin tak kandani. Ijin mah, sarapan dulu. Malem jumat melbu kamar, ijin mah jaluk kelon. Haha jaluk kelon ae ijin tak kandani. Wis melbu ning ranjang, ijin mah buka rok. Halah kesuwen. Lak kula prasmanan, melbu kamar malem jumat. Bunda aku jaluk. Kula kesel bah. Lha piye. Prasmanan mawon. Pie kuwi, jenengan buka dewe tutup dewe. Oke. Mila ibu-ibu kesel mulih pengajian, pak prasmanan. Langsung Nurhadi melbu kamar nyanyi, tul jaenak ora nutul ora penak. Sing ditutul dangak-dangak. Ohh lak karo bojone kan ora papa, wong karo bojone ki disunahke guyon kok. Bahkan lebih besar dari pahalanya iktikaf di Masjid Nabawi. Mila kula guyon terus, bojo kula turu delalah ngiler tak golekke ember tadahke cangkeme. Carane ngono kuwi, aku melbu kamar malem jumat, bojo kula kanda, “Abah minta maaf”. “Kenapa?” Tak jawab, “iya bunda bedakmu memang tebal tapi kamu harus ingat, cintaku padamu lebih tebal daripada bedakmu”.

Kuwi cah lanang kuwi sing melu ngaji Gus Miftah ora pacaran wae. Koe rugi ngrumati bocah wedok tak kandani. Sound diragati okeh ketok wujud. Cewek diragati okeh, dipek kancane tak kandani. Ingat, satu isteri iku lebih berharga daripada sejuta mantan. Lak papat ya hoo. Kula poso dawud, bobot kula mudun dari seratus lima kg jadi tujuh puluh lima kg. Nomer loro, ngapa kanjeng nabi isa sehat? Mengelola manajemen makan. Lak mangan ora terlalu warek, lak rung luwe ora mangan. Padha jenengan, mangan rung warek bablas sampe kewarekan. Lak Abah kula ting pondok mbiyen, koe mangan lak kakehan kewareken haram, soale termasuk musrif. Dadi wong Jawa niku contohe aja mateni huruf -en, ora apik mas. Contoh, warek dadi wareken. Lemu apik, kelemo ora apik. Gondrong apik, kegondrongen ora apik, kan aku pas. Mancung apik, kemuncungen ra apik. Mrongos apik, kemrongosen ra apik. Sugih apik, kesugihen ora apik. Mila lak mangan aja warek-warek, Pak. Lak Habib Luthfi niku dhahare kuncine napa? Tidak minum sebelum tiga puluh menit, ternyata dalam kesehatan luar biasa. Kanjeng nabi praktek makan, napa mawon? Satu, menghargai makanan. Mila jenengan nyuwun sewu, napa lak ajeng dhahar menika awake dewe disunahke maca donga, Allahumma bariklana fii maa rozaktana waqinaa adzabannar. Lak jenengan tau mondok, jane donga iki lucu. Lucune ting pundi? Sing mangan cangkem-cangkeme dewe, sing ngrasakke ilat-ilate dewe, sing warek weteng-

wetenge dewe, tapi dongane jamak, bariklana. Kudune barikli, berikanlah berkah kepadaku. Kenapa kanjeng nabi menggunakan kalimat jamak bukan mufrad bukan tunggal? Karena hadirnya makanan di hadapan kita merupakan jasa banyak orang. Tak wenehi contoh. Kok puanas ki kipase ning endi to? Oh lha kipase ning duwur og bro, lha aku ning ngisor kok kipase ning duwur, kuwi jenenge jaka sembung gowo golok, gak nyambung... cangkeme. Napa? Buka? Kok kamu penasaran banget dengan mata aku. Kamu nafsu ya sama aku? Mbak-mbaknya gausah maju dempel karo lanang ki lho, mundur dikit. Kenapa kamu saya suruh mundur? Cantiknya kelewatan. Wis muleh ra isa turu. Kimcil-kimcil. Heh kok wajahmu kaya orang susah sih, susah dilupakan. Aku lak kon nyadot ngono pinter. Aku dadi kelingan mantan. Dek koe mbiyen janji karo aku, nglakoni tresna suci kanthi ikhlas tekan mati, ning nyatane ngapusi cidro ati iki, netes eluh mili deres ning pipi hoa hoe. Wong Kudus ki malah cendol dawet.

Kenapa *dongane* jamak bukan *mufrad*? Karena hadirnya makanan di hadapan kita itu merupakan jasa banyak orang. Contoh *sega*, wujud *sega* ning piring siapakah yang berjasa? Dari mereka petani *sing macul ning sawah*, *sing tandur*, *sing mupuk*, *sing dawud*, *sing gusahi manuk*, *sing manen*, *sing mepe gabah*, *sing giling*, dadi beras *sing mususi* beras, *sing ngliwet*, *sing ngaduk*, *sing nyediake* ning piring. Begitu *jenengan donga allahumma bariklana kabeh melu didongakke*. Apa meneh kaitane karo DPR, begitu *allahumma bariklana* berarti wong sak Indonesia niku *sing gaji jenengan niku kabeh melu didongakke*. Arep mangan *donga allahumma inni audzu bika minal khubusi waal khobais*. Mukhlisin, *rungokno kuwi! Arep mangan donga, mangan ora tau donga*. Mila wong Jawa niki ampuh niki. Merga kabeh wau terlibat, *jenenge sega ditandur sampe dadi sega miturut wong Jawa niku jenenge beda*. Lak wong Inggris kalah, *ditandur sampe dadi sega wong Inggris* hanya menyebut dengan satu kalimat ‘rice’. Lak wong Jawa mboten, *mila ampuhe wong Jawa, mila kula bangga dadi wong Jawa*. Kula pengajian *ting Hongkong, ting Korea, ting Aljazair, tetep nganggo blangkon soale kula bangga dadi wong Jawa*. Basa Jawa ki angel le. Wong Jawa okeh *sing ngomong* bahasa Inggris, tapi wong Inggris jarang *sing ngomong* basa Jawa. Soale basa Jawa niku luwih sugih daripada bahasa Inggris, *luwih sugih* daripada bahasa Indonesia. *He tak takon, nguyuh*

anyang-anyangen, apa bahasa Indonesiane? Ora ana. Mosok kencing mak crit mak crit. Nguyuh anyang-anyangen niku bahasa Indonesiane kencing tawar-menawar. Mususi beras, napa bahasa Indonesiane? Ya mosok mencuci, berarti ora ana bedane beras karo sempak. Lak wong Jawa beras dipesusi, sempak dikumbahi. Mila lak kula umrah bulan September wingi mumet ndasku. Ditakoni karo polisi-polisi Arab, ma hada? Ini apa? Aku mumet, blangkon bahasa Arabe apa. Akhire kula jawab hada blangkon. Ma hada blangkon? Mumet meneh aku. Akhire blangkon kula dijuluk, diambung, ya kecut o goblok. Aku ae ratau ngambung, ampuh Jawane. Mangan ki basa Arabe mung siji, bahasa Jawane malah sepuluh e ana. Urung-urung mbadhok o ya urung o goblok. Dhahar, nedha, mangan, madhang, maem, nguntal, mbadhok, gaglak, nyekek, nutul, nosor. Woh sewelas malah. Sinten nika? Bib Husain. Nembe napa? Dhahar. Sapa kae? Tukang syuting. Nembe napa? Mangan. Sapa kae? Tukang sound. Nembe napa? Mbadhok. Beda. Gus Miftah? Nutul matamu kuwi, Gus Miftah nutul. Sengit aku, mila aku ra seneng karo cah lanang. Koe cah Lampung koe? Pantès rupamu kaya gajah. Sapa jenengmu? Komarudin. Apa bedane Komarudin karo gajah? Beda. Gajah kae ndase ana belalaine, komarudin belalaine ana ndase. Halah cah ireng, belalaine ya ireng. Jenenge ir iki, irenge rata.

Wong Jawa nika ditandur ning sawah sampe dadi sega jenenge beda. Deloken, Bu Polisi, sing ditandur ning sawah jenenge pari, carane wong Inggris rice. Pari ana wohe, gabah, bahasa Inggris tetep rice. Gabah mung siji, las, bahasa Inggris rice. Gabah digiling jenenge beras, bahasa Inggris rice. Beras tugel jenenge menir, bahasa Inggris rice. Beras dimasak jenenge sega, bahasa Inggris rice. Sega mung siji jenenge upil, eh upo. Upo bahasa Inggris rice. Sega dimasak gosong jenenge intip, bahasa Inggris rice. Sega dimasak dowo jenenge lontong, bahasa Inggris rice. Sega wingi jenenge wadang, bahasa Inggris rice. Sega dipeme jenenge karak, bahasa Inggris jenenge rice. Jawa ampuh tenan, Pak. Mila kula kelingan bar ngislamke Antonio Scoddory dari Australia, suguh macem-macem ora dipangan. Lha bojone kula jengkel, godokke telo masakke sayur bung, malah cangkeme doyan. Akhire takon, “what is this?”, aku mumet ndasku, bung bahasa Inggris apa. Akhire kula jawab, “this is a bung”. Lha apa bahasa Inggris bung wong ora ana

kok. "What is the meaning of bung?" Bung itu apa. Kula jawab, "bung is the young bamboo". Bung adalah bambu muda. Langsung bulene kanda, "this is amazing". Apa? Bambu muda aja enakya kaya gini apalagi yang tua. Oo arep mbok brakoti apa piye cangkemmu.

Oh iki ana melbu ning kene iki apa iki. Kewan o melbu katok iki mesti wedok iki. Iki melbu kene barang lho, gek gek wis tekan sempake barang ki. Horror pengajiane. Ambyar ambyar. Kok kamu denger sempak ketawa ngapain? Mbaknya niku mikir, celananya saja lucu apalagi isinya. Itulah mengapa allahumma bariklana. Mila jenengan jangan pernah meninggalkan doa. Supaya napa? Awake dewe ngerti jasa banyak orang. Kula sering kanda ngeten nggih, kanjeng nabi niku sangat menghargai makanan supaya mendapatkan keberkahan dari makanan. Caranya bagaimana? Jangan mencuci tangannya sebelum menjilati atau dijilati. Kenapa? Karena kamu tidak pernah tahu makanan mana yang ada berkahnya. Kok jenengan ngumbe wedang, diumbe separo sing separo dibuwak, bisa jadi yang ada berkahnya justru yang dibuang. Mila kula niki wong sing paling jarang teka ning resepsi pernikahan. Karena saya nggak tahan melihat makanan dibuang-buang. Guayane wong Ngemplak nyumbang satus ewu ning gedung, anak papat digawa kabeh. Guayane kaya wong sugih, mangan bakso, jikuk baksone miene diguwak, beh tinggal, ganti makanan yang lain. Jikuk siomay, kecape dipangan, siomayne ditinggal. Loh wong sugih kok, bebas. Kula niku jajan soto kudus, pesen langsung lima mangkok. Bakule takon ngapa kok tuku lima jenengan pak? Kula jawab, bebas aku duwe duit kok, aku ya ngono. Dadi awake dewe niku sering buang-buang makanan. Awakmu pengajian ngene iki disuguh snack, disuguh apa ora? Mboten? Ha koe ora urunan kok. Mangan lemper, titik guak. Koe ya ngono ngerokok, separo buak. Mubadzir tak kandani. Wis rokokke makruh. Mila lak arep ngerokok dientekke, kuwi juragane Sukun tak kandani. Bila perlu diobong sak gabuse. Saya punya usul ngerokok yang ramah lingkungan. Pripun carane? Kebule ojo ditokke, dilek. Aku ya ora isa nyontoni wong aku ora ngerokok kok. Kula niku kiai NU, tidak pernah membenci rokok, tapi saya juga tidak merokok. Hayo mbak-mbak tak takon, koe golek bojo seneng sing ngerokok apa ora? Ora, itulah saya haha. Kenapa bukan perokok yang dipilih? Jelas, paru-parunya saja dijaga apalagi hatimu. Ora isa turu

kuwi mengko, mimpi ketemu Komarudin. Dadi kanca-kanca NU lak ngerokok, jangan buang-buang, mubadzir. Kadang-kadang wong DPR, wut buak. Mubadzir tak kandani.

Kula niku ngeten, lak wong Indonesia jumlahe dua ratus enam puluh juta meninggalkan satu biji nasi alias upil eh upo kok upil. Lak wong Indonesia sekali makan meninggalkan satu biji upo, berarti berapa yang ditinggal tiap makan? Dua ratus enam puluh juta butir nasi. Mila sekali makan buang-buang sak gegem wae, berapa butir yang terbuang. Mila santri kula gratis pak, mangan okeh kula ora urusan, tetapi nyuwun sewu, lak sampe ninggal upo ning piring lak tak ajar. Santri kula lak mangan, weh gunung Merapi pindah ning piring. Kula wis jarang mangan, santri kula mbadok ning piring. Aku ora papa, sing penting entek. Ibu-ibu tolong didik anake. Sampe Abah kula ngeten, “Le, najan koe mangan ning warung bayar lak jikuk lawuh jikuko sing cilik aja jikuk sing gede”. “Lha napa, Bah?” “Luwih apik koe rumangsa kurang daripada kakehan ora entek”. Ngono, ben ra mubadzir. Niku ilmune kanjeng nabi, dicontoh praktekke! Apakah kalian tidak ingat banyak orang di luar sana yang tidak bisa makan? Koe mangan diguwak-guwak. Entekke, mas Anton, aja diguwak kebule, dilek. Wong ngrokok niku bukan ahli hisap, salah, ahli sunni, nyusu geni. Mila setan niku paling wedi kalih perokok. La napa? Setan terbuat dari api. Perokok, genuine diemut tak kandani. Mila kok ana tiyang ngrokok, kok ting mriki wonten tiyang mahjusi mesti disembah cangkeme. Soale mahjusi niku penyembah api, ana wong ngrokok gusti Allah, gusti Allah. Kula ki delelah kok ya ra isa ngrokok ngono lho. Padahal kiai NU niku rata-rata ngrokok, soale NU niku ngrokok makruh, Muhammadiyah haram. NU niku ngrokok mawon duwe dalil. Kenapa Muhammadiyah mengharamkan rokok? Karena peringatan bahaya merokok hanya ditujukan kepada orang Muhammadiyah. Peringatan pemerintah rokok itu membunuhmu, bukan membunuhnu. Membunuhmuhammadiyah. Lha wong Muhammadiyah mengharamkan rokok, e ketua umume mbiyen nawakke rokok.

Mila nyuwun sewu, jangan membuang-buang makanan. Kalo itu kita contoh, wis sehat kaya kanjeng nabi. 63 tahun badannya bugar, dadanya bidang, perutnya rata. Padha karo mas Anton, rata-rata lemak. Kanjeng nabi niku lak cara fisike diwaca

ting sirah nabawiyah kalau duduk bersama orang, *kanjeng* nabi *niku* kelihatan lebih tinggi. Kok *lungguh karo wong* ganteng, *kanjeng* nabi *ketok* tetep *luwih* ganteng. Maka kalau dikatakan siapakah nabi paling tampan? *Jawabane* nabi Yusuf, *niku sakjanjane* hanya 25% ketampanannya dari *kanjeng* nabi. Kenapa dikatakan ganteng nabi Yusuf? *Soale* nabi Yusuf gantenge *isa digambarke*, *kanjeng* nabi gantenge *ora isa digambarke*. Tapi *jenengan kudu* paham, baik nabi Yusuf maupun nabi Muhammad *rambute pada-pada gondrong persis kaya... kaya mbak e matamu lanang* lho.

Bagaimana mencontoh Rasulullah? Empat hal yang perlu dipetakan. Apa saja empat hal itu? Besok akan disampaikan di rumahnya Habib Husain tanggal 3 Desember. Muhammad sebagai orang biasa, Muhammad sebagai nabi dan rasul, dan Muhammad yang berkaitan dengan ibadah murni. *Lha sesuk bakal ketok, kudu padha tenan karo Rasulullah apa ora. Jawabane ora. Ora mungkin isa, meneh rupa kaya Komarudin iki. Din, rabi apa durung koe? Durung, ya mklum rupamu pas-pasan og, Din, Din. Monggo sedaya ngadek sholawatan hasbi rabbi kalih* menyanyikan lagu Indonesia Raya.

C. Transkripsi Tayangan III Ceramah Gus Miftah

Tema : Peringatan HAUL

Tempat Pelaksanaan : Joglo Ngerangan Bayat, Klaten

Waktu Pelaksanaan : 14 November 2019

Penceramah : Gus Miftah

Situasi Lingkungan : Penceramah berada di atas panggung bersama dengan tim rebana. Penceramah duduk di kursi, sedangkan tim rebana duduk tanpa menggunakan kursi. Jamaah duduk di bawah menghadap panggung. Waktu pelaksanaan ceramah adalah malam hari.

Transkripsi ceramah :

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh. Alhamdulillahirabbilalamin hamdan katsiron thoyyiban mubarokan fii alaa kulli hal. Wanaudzubillahi min

dholali ahlid dholal, wanusolli wanubarik wanuaddim, alaa habibina wa syafiina wa nuri kulubina, sayyidina wa maulana muhammadin, asliyil jamaal wa mambail kamaal, wa musthaudail jalaal, waala alihi washohbihi wal hudhui wal ashol amma ba'du. Hadratal muhtaramin, para masayikh, para kiai, para habaib, bapa alim ulama, takmir masjid, mbah modin, mbah rois, mbah kaum, tokoh-tokoh agama ingkang estu kawula takdimi. Para pejabat ingkang sampun kersa rawuh, ya mesti rawuh, wong ning omahe dewe. Bu bupati saha Pak DPR, sing penak niku malah Pak DPR Narno beserta Ibu, karena saya meyakini kesuksesan seorang suami berangkat dari doa isteri, betul? Artinya apa, semakin banyak isteri semakin banyak yang mendoakan. Karena bagaimanapun juga, laki-laki adalah imam, perempuan adalah makmum. Makmum yang baik adalah yang patuh dengan imam, dan imam yang baik adalah yang diikuti oleh banyak makmum. Betul napa salah, ibu-ibu? Sing jawab ibu-ibu mawon. Betul napa salah, ibu-ibu? Salah, itulah cowok selalu salah dimata cewek. Sedaya pejabat ingkang rawuh dalam semua tingkatannya, ingkang ngestu kawula hormati. Bapak Ibu kaum muslimin wal muslimat, wabil khusus budhe kula, budhe Yati ingkang insyaallah peseke awet.

Estu perjalanan ngaji kula dalu menika keraos aurat, abot sanget. Wis telung dina telung bengi kula mboten turu, dan saya mohon maaf melalui tayangan ini mesti mengke rame ting youtube, mulai besok sampai tanggal dua puluh sedaya jadwal kula, kula pending kula cancel, kula fokus ngancani bojo kula ting rumah sakit, ingkang insyaallah mbenjang dinten senin bojo kula operasi. Nyuwun donga mugimugi proses wiwit kala mben ngantos mbenjang operasi, bojo kula dipunparingi tabah, tawakal, pasrah, lan kiat, sabar menghadapi ujian dan cobaan dari Allah.

Begitu kula krungu penyakit yang Allah titipkan kepada isteri saya, jujur saya adalah suami yang merasa bersalah. Wektu kula niku dua puluh empat jam ora tau ning omah. Kula niku bidal ngaji limolas dina, sepuluh dina nembe mantuk, karena begitu banyaknya permintaan jadwal ngaji. Menawi Pak DPR kados Pak Narno menika kunjungan kerja paling sebulan ping kalih. Kula niku setiap hari permintaan jadwal yang masuk ke pondok minimal lima ratus permohonan. Umpama niku kuabeh kula jadwalke, permintaan sebulan itu sudah menutup jadwal lima belas

tahun. *Merga rata-rata kula setahun isa ngaji ping sewu.* Sehingga, waktu yang kemudian saya berikan ke keluarga sangat minim.

Mila kula sering guyon menawi jenengan pirsani ting youtube. Urip kula napa-napa cukup, kurange mung siji, kelon, merga kula ra tau ning omah. Kadang-kadang sebulan kula lunga sampe ting luar negeri, kados benjang tanggal 22 kula harus berangkat ke Hongkong, kemudian lanjut ke Taiwan, dan seterusnya. Kadang-kadang sebulan *nembe mantuk*, begitu mulih, *bojoku mens*, Ya Allah. *Lha bojo kula niku tiyange sabare ora umum. Ngopeni santri ting pondok, diopeni piyambak. Sabar, bojo kula sabar ning omah ngopeni santri, kula ting jobo nggih sabar, sabar napa? Bola-bali katah wong nawari rabi. Mboh randa, mboh gadis, mbok kula dirabi, Gus. Pengen napa mboten? Jane ya pengen. Njuk pripun? Ya ngempet, mosok kiai ngacengan, kan ra pantes.*

Kula ki pripun nggih Pak Narno, jane kula niku nggih sedih, ning lak kula ngaji ora los ki ya jamaahe cangkeme ya cerewet. Lak dipikir sedih kula niku sedih banget. Mila barangkali nanti di tayangan youtube, wong buanyak setiap hari postingan youtube tentang saya, tolong teman-teman youtube sampaikan mulai besok sampai tanggal yang belum ditentukan, pengajian saya, saya cancel. Kaya kula niku ngancel pengajian ora duwe beban, bebane mung siji, mesakke jamaah. Lak kalih panitia kula mboten beban, karena saya tidak pernah menerima apapun sebelum pengajian. Wong kadang-kadang mawon bar pengajian niku panitianane lali niku biasa. Ning lak umpama dalu menika lali ya ora sumbut karo pendopone, ngoten mawon. Jadi saya tidak punya beban dengan panitia. Mila mben ono tiyang pengajian, “Gus, minta nomer rekening kula DP”. Kula jawab, “mboten, kula mboten artis, mung kula kiaine kanca-kanca artis”. Tapi tetep kula lak diarani artis kula mboten purun. Maka begitu cintanya saya dengan jamaah, kula ditawarkan kontrak televisi dua tahun full kalih mas Dedi Corbuzier untuk membawakan sebuah acara talkshow selama dua tahun sepanjang hari kecuali hari minggu saya shooting di Jakarta, saya tolak. Mila lak kemudian mengatakan dakwah orientasinya uang, kudune kula ongang-onggang ning Jakarta. Shooting sedina mung sak jam, rong jam, sing teka ayu-ayu, bintang tamune artis-artis. Lak ning kene ki wis tua-tua.

Begitu *kula* ditelfon *kalih* mas Dedi Corbuzier, “Bro, ada tawaran nih kontrak dua tahun *full*, nih budgetnya sekian, gimana?”. *Kula* jawab, “mohon maaf mas, berulang kali saya pernah mengatakan sama mas Dedi, saya itu diundang acara hitam putihnya mas Dedi kadang-kadang sebulan sekali belum tentu bisa”. Saya sampaikan kepada saudara Dedi Corbuzier, yang kemudian gara-gara itulah kemudian dia tertarik masuk islam. Saya sampaikan kepada dia, “Mas, Allah itu menciptakan Miftah tidak untuk menjadi orang terkenal tapi untuk mengenalkan Allah kepada mereka yang belum kenal”. *Kula niku ora usah* kondang-kondang banget, *malah mumet ndas kula. Dadi wong kondang niku ora kepenak, mudun ko bandara dioyak-oyak wong diajak selfie, napa meneh ting* daerah Jawa Timuran *ting daerah Jawa Tengah, Ya Allah ngising mawon ditunggoni, mung jaluk foto. Niku bedane* kiai mbiyen *kalih* kiai *sakniki. Menawi tiyang-tiyang mbiyen* ketemu kiai *niku jaluk barokah donga, sakniki mboten, jaluk barokah selfie. Mboten kepenak. Dereng* orang-orang yang membenci saya karna saya begitu gigih membela ideologi pancasila. Sampai kemarin bu Megawati utusan Dirjen BPIP, bu Irene ke pondok untuk *ngeendorse* saya sebagai dai yang konsisten dan istiqomah berbicara tentang Pancasila dan NKRI. *Dibully sak nggon-nggon kula*, tapi saya katakan istiqomah itu memang berat, kenapa? Karena kalau ringan namanya istirahat. Sehingga kemudian kejadian kula di Cianjur, pengajian dibubarkan oleh HTI Hizbut Tahrir, 15000 jamaah yang hadir dalam rangka hari santri di Jawa Barat dibubarkan oleh orang-orang yang teriak takbir *allahu akbar*. Keesokan harinya muncul di *youtube*, medsos, TV, mereka bangga mengatakan, *alhamdulillah* pengajian Gus Miftah bisa kita bubarkan, takbir, *allahuakbar*. Sejak kapan takbir *ngge bubarke* pengajian, *niku sing jenenge jaka sembung bawa golok, gak nyambung blok*. Tapi apakah saya benci dengan orang-orang seperti itu? Mboten. Ketika kemudian tanggal 5 November kemarin saya ditelfon sama bang Karni Ilyas, “Gus, mbok hadir di dalam acara ILC TVONE berbicara tentang radikalisme”. Tapi *kula nggih mboten saget* karna jadwal saya sudah tersusun jauh hari. Saya hanya diwawancarai, “Apa pendapat Gus Miftah tentang radikalisme?”. *Kula* jawab, “Saya tidak sepakat kalau jenggot, *cingkrang*, cadar, itu diidentikkan dengan radikalisme. Tapi saya juga tidak sependapat kalau cadar, *cingkrang*, dan jenggot

dikatakan penampilan yang paling sunah. Menurut saya, radikal itu pemikiran, ide, gagasan, wawasan. Cara melawannya gimana? Dilawan idenya, bukan penampilan. Temen saya banyak yang alkacong, aliran *katok congklang*, tapi juga cinta dengan Pancasila. Temen saya banyak yang RCTI, rombongan celana tinggi Indonesia, banyak yang cinta dengan Pancasila. Jangan kemudian hanya gara-gara jenggot kaya saya dikatakan radikal. Kalau menghadapi radikal pilihannya cuma dua, dibina atau dibinasakan”. *Nggih napa mboten? Lak gelem dibina ya dibina, lak orak gelem dibina ya dibinasakan*. Kalau mau diajak ngomong ya diajak ngomong, kalau tidak bisa, dibuat diam sekalian.

Maka kemudian tidak akan terjadi kasus bom seperti di Medan, *sapa sing kanda nika nganggo baju muslim? Malah nganggo baju gojek*. Maka *nyuwun sewu*, radikal itu tidak bisa dikategorikan melalui penampilan, *kan ngoten*. Goblok ngebom atas nama bidadari di surga. *Bidadarine niki mesti bengok-bengok*, heh mas bro plis deh kamu ngebom atas nama bidadari di surga, apa matak *ki sliwer gelem karo wong kaya koe*, kami juga pilih-pilih keles, *ngoten niku bidadarine mesti*. Ya minimal bidadari surga *ki sing diarep-arep ya kaya kula, ora kaya raimu, mula nggih ngoten niku*. Maka atas konsistensi iki kula cuma berharap, mudah-mudahan *senajan to ati kula susah, tapi isa gawe jenengan bungah, isa dadi wasilah melbu jannah, suwarganipun Allah subhanahu wa taala. Sesuk insyaallah aku melbu surga dikancani bocah-bocah hadroh. Ning ya kuwi, ning surga aku kelon karo bidadari, awakmu hadrohan terus, mrongos koe*. Apalagi *dal menika nyuwun sewu, acarane sae sanget*. Maka *kula wau mangkat ting rumah sakit, saya tadi berangkat dari rumah sakit, Pak Narno, kula matur kalih bojo kula, “Beb, ya ora papa wong aku ganteng kok, bojo kula jawab, “iya say”, apa kuwi, syaitonirrojim. Kula kalih budhe Yati ajeng ting Klaten. Kula niku kalih bojo kula omong-omongan basa kok, ora kaya awakmu, karo bakul bakso basa, karo bojone ora basa. Karo bojone, “aya pak, madyang”. Karo bakul bakso, “pak, kula tumbas”. Karo bojone ora basa kok karo bakul bakso basa. Gek jenengan diwenahi apa karo bakul bakso? Penthol? Apa penthole bojomu kurang gede? Lak bojo kula basa, kula matur, arep ngaji disek gene bu Bupati Klaten, Abah wis sagah tak dongakke mengko muga-muga*

awakmu mari. Bojo kula jawab, nggih bah nderekke mawon. Wong bojoku sholehah kok, padakke.

Jajal lak ibu-ibu mriki, umpama kon milih tipe keluarga, ting Al-Quran itu ada empat macam tipe keluarga. Satu, tipe keluarga Nabi Nuh, sing lanang sholeh sing wedok nakal. Dua, tipe keluarga Firaun, sing lanang nakal sing wedok sholihah. Empat, tipe keluarga Abu Lahab, sing lanang nakal sing wedok nakal. Nomer papat, tipe keluarga Ibrahim, sing lanang sholeh sing wedok sholihah. Tiyang-tiyang Klaten kira-kira milih pundi? Nuh, Firaun, Abu Lahab, napa Ibrahim? Ibrahim. Dan Anda tahu? Ibrahim isterinya dua. Dadi lak ibu-ibu Klaten ngersakke keluarga tipene Ibrahim, berarti rela dan mengizinkan suaminya menikah lagi, betul bu? Bu bupati langsung jawab, ra sida Ibrahim, Firaun ya rapapa. Kula matur, niki acarane baik banget, jenenge napa? Birrul walidain, bektine anak marang wong tua. Maka kemudian muncul istilah haul, maka saya meyakini tidak ada seorangpun yang diperingati hari kematiannya, kecuali karena pernah meninggalkan kesan terbaik bagi anak cucunya. Ana kiai dihauli karo umate, jelas, karena kiai meninggalkan kesan terbaik untuk anaknya. Mila saben ana wong apik mesti ana haule. Gusdur ana haule, bung Karno ana haule, mbah Hasyim Asyhari ana haule, mbah Wahab Hasbullah ana haule, untung PKI ora ana haule. Aidit PKI ora ana haule, karena tidak pernah meninggalkan cerita terbaik. Mila kula sering matur, wong urip ning alam donya niku tugase namung gawe cerita. Mila wonten ayat, unine napa? Alladzi kholaqol mauta wal hayataaliyabluwakum ayyukum ahsanu amalaa. Dan cerita yang paling disukai oleh Allah itu adalah cerita yang baik. Maka pemimpin negara kabeh gawe cerita. Pak Karno gawe cerita, mula merga ceritane apik, Pak Karno jenenge abadi, dadikke jeneng bandara, Soekarno-Hatta, dadikke jeneng dalan, jalan Soekarno, dadikke jeneng museum, dadikke jeneng patung, soale jenenge apik, terkenal sebagai bapak proklamator. Pak Karno ra ana diganti Pak Harto, dikenang sebagai bapak pembangunan. Malah jarene sakniki Pak Harto kangen kalih awake dewe. Ning bokong truk kabeh ditulis, ‘piye bro kabare isih enak jamanku to?’. Tak jawab, “ora ki”, aku ngono kuwi. Sakniki Pak Jokowi nggih gawe cerita, mpun ceritane apik banget.

Indonesia *niku* istimewa pilihan presiden, *milih siji oleh loro, apik banget niku*. Ustad-ustad kondang mengatakan Prabowo *dadi* presiden, *kalah karo* kiai Magelang, sebutkan nama menteri-menteri Jokowi, Prabowo. Tiga tahun yang lalu dan terbukti, *cangkeme* santri *ae mandi og Le, apa meneh cangkeme* kiai. *Padakke*. Oo, Pak Narno *mbiyen dadi* Bupati *ya gawe* cerita, *ninggalke* bangunan yang luar biasa, Masjid Al-Aqsa. *Mila ya* dikenang *duwe tinggalan* kok. *Lha uripmu tinggalane apa, kok pengen* dikenang? *Lak pengen* dikenang *kudu duwe tinggalan*. *Umpamane cah iki, sing rupane elek iki sapa iki, ora-ora ngono ae ngambek, sapa jenengmu bro? Ki sapa iki jenenge?* Imam. *Bocah kok irenge kaya ngene* Ya Allah. Imam kalau kemudian pengen dikenang ceritanya oleh anak cucunya, oleh orang-orang setelahnya, *gaweo cerita sing apik*, Mam. *Ngono, pengajian ki nyawang* kiai, *ora nyawang bokonge* vokalis, *malah nyawang bokonge* vokalis. Toh kalian berdua beda pemikiran, Imam mikir *mbak e, mbak e* mikir aku. *Ya beda o. Lak* Imam *i suk ceritane apik, mesti* dikenang. Minimal, *lak Pak Karno dadi* Gelora Bung Karno, Imam *dadi jeneng* WC *umpamane, kan lumayan. Bar ngising, ning ndi* WC *ne jenenge apa?* Imam.

Pada akhirnya yang akan dikenang oleh orang-orang setelah kita adalah ceritanya. Sesuk Bu Sri *niki dadi* bupati, yang dikenang juga ceritanya. Budhe Yati Pesek, ceritanya. Gus Miftah, ceritanya. *Mung wong-wong kaya kula niku sakniki* menang *ceritane okeh. Soale* jaman bapak-bapak *kula mbiyen rung ana youtube. Sakniki* tiyang *mbendino posting youtube kula, dadi* cerita *kula katah. Mboh sing dedit, sing dipotongi sak geleme* niku, *katah ceritane*. Dan ingat, durasi membuat cerita itu tidak panjang, hanya antara *nggegem* dan *mbegar*. *Maksute napa?* Bayi lahir *tangane nggegem, wong mati tangane mbegar. Napa* bayi lahir *tangane nggegem? Soale* *lak* bayi lahir *tangane mbegar, rusak dalane tak kandani. Mila nggegem, ya neh* kecakar *kabeh. Kenapa wong lahir tangane nggegem?* Seolah-olah ingin menggenggam dunia seisinya, *kabeh digegem. Bondo digegem, duit digegem, sertifikat digegem, HP digegem, mobil digegem, joglo digegem, bojone tangane digegem, karepe*. Tapi ingat, sekuat-kuat kita menggenggam harta dunia, begitu *mati tangane mbegar. Ora ana wong mati tangane nggegem, kecuali* peti *mati dumating ring. Ki mbegar tangane. Napa wong mati nika tangane mbegar?* Sekuat-

kuat kita menggenggam dunia pada akhirnya akan dilepas. Joglo *mewahe kaya ngene, sesuk awake dewe* mati ya dilepas ora mungkin *digawa*. Mobil *cul*, HP *cul*, pangkat jabatan *cul*, bojo *cul*. Mila dipun *ngendikake yen wis mati bondo ora melu, bojo ayu wis ana sing nemu wis ana sing nemu. Sapa sing nemu?* Imam. *Sing ning kubur rasane lara, anak bojo ra tau donga. Sing ning kubur pada tangisan, anak bojo rebutan warisan. Salatullah salamullah... Ora usah banter-banter, amplopanmu rung jelas.*

Maka, malam hari ini kita sama-sama hadir di tempat ini untuk sama-sama membuat cerita. Dalam bahasa lain, dalam kalimat lain saya mengatakan apa, durasinya hanya antara azan dan salat. *Maksute napa?* Bayi lahir diazani, *wong mati* disalati. *Jarake mung* sepuluh menit, *ora suwe. Ting Mekkah nika menawi* musim haji azan langsung *komat soale jamaahe wis kebak. Beda lak ning Klaten suwe, soale bar azan nganggo puji-pujian. Kula diprotes kalih koncone kula muhammadiyah, “kae lho Gus deloken ning Mekkah Medinah ki bar azan ora ana puji-pujian, ngapa ning Bayat kok bar azan ndadak nganggo puji-pujian?”*. Kula jawab, *“ya beda, Mekkah Medinah niku durung azan mejide wis kebak, mila ra perlu nganggo pujian, lha ning Bayat sing pujian cangkeme nganti ndower jamaahe durung mangkat”*. Apa meneh lak nika Pak Narno subuh nika *ting Klaten kula tau krungu, Ya Allah sing azan umur pitung puluh tahun. Apa kuwi azan o kaya kono, gek puji-pujiane ki ya ngalah, delalah wong Banyumasan, Ya Allah gusti inyong nyuwun ngapura sekatahe dosa inyong lan dosane bapak biyung inyong, halah sing mangkat ki ya sapa kang kang.*

YP : “Assalamualaikum, Gus”

GM : “Wa iki sing inyang-inyong iki ketoke”

YP : “Mboten, kula tak takon, kula niku lak ya seniman tua ning kula niku lak...”

GM : “Aja ngaku tua ya”

YP : “Ehh tua ya”

GM : “Amrih ngaku tua ya, expired”

YP : “Niki kula takon tenan niku”

GM : “*Mboten napa-napa diarani tua niku, kelapa niku soyo tua soyo kenthel santene. Aku ya gumun o, mosok panitia ki ra isa mbedakke degan karo krambil. Ngene iki lak ya bathoke tua lak ya krambil, iki nek tak umbe silitku kreminen tak kandani. Jangan membuat malu Pak Narno dong, anggota DPR o suguhane krambil, dancuk-dancuk. Napa budhe?*”

YP : “*Anu kula ajeng takon*”

GM : “*Nggih, kula tak jawab*”

YP : “*Dadi salat niku kudu khusyu napa mboten?*”

GM : “*Lak kudune kudu*”

YP : “*Khusyu. Oo, nek ngoten kaya kula niku salate kurang khusyu nggih.*”

GM : “*Lha priipun salate jenengan kok ora khusyu niku?*”

YP : *(tertawa)*

GM : “*Lah kok malah cengengesan. Lak salat karo heng ngono ya ra khusyu*”

YP : “*Lha wong nggen kula niku omahe ki ya cilik ngono to, lha kula niku...*”

GM : “*Beda kalih Tumiono niki nggih, quedhe ngeten iki nggih*”

YP : “*Oo lha nggih, nek niki ngoten hebat niku mpun pokoke. Ha nggen kula niku mung cilik...*”

GM : “*Nggih ketoke ukuran dua kali satu nggih*”

YP : “*He?*”

GM : “*Ukuran dua kali satu*”

YP : “*Kuwi pada karo dongakke aku*”

GM : “*Oo mboten*”

YP : “*Sampeyan niku tak rungokke kaet disik lho, aku ting pondok tanpo aji. Jenengan wis dongake aku..*”

GM : “*Panjang umur. Lha mulane niku wong kaya budhe Yati niku panjang umur soale pesek. Kan ambekane ngirit*”

YP : “*Kejaba panjang umur, jenengan dewe tak sekseni niki, tak cateti ning omahku. Budhe jenengan sesuk nek mati jenengan mesti melbu suwargo*”

GM : “*Nggih*”

YP : “*Kula lak takon, lha ngapa to, Gus? Merga sampeyan niku wong elek. Lha tapi lak wong ayu niku melbu neraka*”

GM : “*Nggih soale lak wong ayu niku dadi lonte, merga elek dadi pelawak malah surga. Lak ayu dadi binaane kula ting Sarkem mengko malahan. Sapa lontene? Yati. Hahaha ra masuk ae kok. Merga elek melbu surga, soale napa? Ora ana sing kolu*”

YP : “*Ha nek jenengan niku ya ora mutu kok. Jeneng kula niki nuwun sewu ibu-ibu, bu Bupati, jeneng kula niku lak Yati Pesek, ha kok disingkat ling ngundang Gus Miftah niku, heh budhe, budhe PSK, pripun ngoten niku pripun?*”

GM : “*Lak iya to, PSK ngono to*”

YP : “*Lha mulane niku, niku tak eling-eling tenan lho panjenengan ngendika ngoten iku*”

GM : “*Surga. Lak kula yakin pelawak niku mesti melbu surga to, amin. Ning ya cangkeme mampir neraka ngoten*”

YP : “*Ning neraka niku mboten sida*”

GM : “*Lha pripun, Budhe?*”

YP : “*Iki Yati Pesek kok arep dilebokke neraka. Lha malaikat niku, eh aja-aja, Yati Pesek niku gawene nglipur wong okeh, aja, ning suwargo wae. Lha ngoten iku kok. Suwargo nomer.. gang pitu kula*”

GM : “*Gang pitu kaya ning Baturaden wae*”

YP : “*Kok Baturaden?*”

GM : “*Lha nek ngono gang sadar*”

YP : “*Jenengan elok saploke saiki wis dadi ustad sing spiral iki weh*”

GM : “*Kok spiral iki lho, sing pesen KB ki sapa, viral*”

YP : “*Heh heh*”

GM : “*Viral, kok spiral ki*”

YP : “*Heh viral to*”

GM : “*Apa raiku ki kaya kondom? Ngawur wae*”

YP : “*Lha krungu kula niku cah-cah dho muni ngeten...*”

GM : “*Dadi lak ngeten Budhe, jenenge fastabikhul khairat itu bukan satu posisi diperebutkan banyak orang. Niku lak fastabikhul khairat artine napa, berlomba-lomba dalam kebaikan. Sing jenenge fastabikhul khairat niku menjadi posisi yang terbaik di posisi masing-masing. Budhe Yati dadi pelawak, pelawak terbaik. Bu Sri*

dadi bupati, bupati terbaik. Pak Narno dadi DPR, DPR terbaik. Kiai, kiai terbaik, niku jenenge fastabikul khairat ngoten”

YP : “Terima kasih, gaes”

GM : “Terima kasih gaes. Aku *delok raimu blereng gaes. Ayo kebayang ora, lak Budhe Yati ki ayune kaya bu Bupati kira-kira malah payu ora? Ora payu dadi pelawak, paling ya begenggek kuwi mau”*

YP : “Masya Allah. *Rumangsane dadi begenggek niku elek napa?”*

GM : “*Lho lak kula kanda...*”

YP : “*Ha wong begenggek niku malah awean kok, sapa-sapa diwei kok, dadi arep ngapa..”*

GM : “*Loma ya Budhe ya. Mila kula kanda, kula nyuwun sewu, begenggek niku nyuwun sewu, luwih apik begenggek daripada pejabat sing khianat rakyat”*

YP : “*Kok ngoten?”*

GM : “*Lha nggih, begenggek niku hanya menjual kemaluannya sendiri, pejabat yang koruptor nyuwun sewu, menjual kehormatan rakyat Indonesia. Mila lak apik-apik ngene kok, nuwun sewu kula niku lak niteni wong apik karo wong elek niku gampang kok budhe”*

YP : “*Pripun?”*

GM : “*Wong apik niku mesti senengane kumpul karo wong apik. Mila bupati apik, ya senengane mangkat ngaji. Pelawak apik, senengane mangkat ngaji. DPR apik, senengane mangkat ngaji. Tapi lak dasare DPR niku elek, gelem mangkat ngaji nek pas arep pemilihan tok, ngono. Mila kula sering kanda, kiai niku suwe-suwe dianggep kaya dong salam, kaya laos, nggih napa mboten? Yen ajeng masak sayur digoleki disik dewe, sayure mateng diguwak disik dewe. Kan dancuk. Oo, lha kaya mas Narno niki kan mbiyen kula susah wis ngaji kalih kula kok. Mung jaman mbiyen kula diundang amplope cilik buanget, Budhe. Lak ngajine wis ngaji. Sing kurang ajar rak bupatine, panitiane”*

YP : “*Kok panitiane?”*

GM : “*Ketoke dibati karo Kabag e kok. Saiki ki kiai sak nggon-nggon dimakelari kok Budhe, padakke. Mila sesuk bupatine surga, Kabag e Kesra neraka tak kandani.”*

- YP : “*Nggih mpun kula nggih mang dongakke, Gus...*”
- GM : “*Budhe panjang umur nggih, dongakke budhe Yati Pesek panjang umur. Tegese wong sak donya mati, Yati Pesek urip dewe*”
- YP : “*Urip dewe njur mangke gusti Allah nyiptake kakung-kakung ngoten neh..*”
- GM : “*Nggo rebutan..*”
- YP : “*Aku njur dirubung wong sakmono akehe, keju no aku ngko. Pak ustad nek ngendika niku wis jan..*”
- GM : “*Kebayang to Le, lak ning donya ki Yati Pesek tok to wedoke, sing lanange ganteng-ganteng kaya koe ngono ki, rebutan Yati Pesek, Ya Allah*”
- YP : “*Ha mboten usah sesuk, sakniki, ndek mben kula niku arep dipek wong sak kampung koe moh dik*”
- GM : “*Wuh, lha napa, Budhe?*”
- YP : “*Lha ling ku arep ngladeni piye? Lha wong sak kampung arep ngepek aku ki.*”
- GM : “*Lha wong sak kampung ya. Padha kalih kula wingi disambati kalih kanca kula arep ngrabi cah sekolah, ha tak larang*”
- YP : “*Lha kok?*”
- GM : “*Ora usah. Lha ngapa? Aja. Kula pengen rabi cah sekolah. Aja. Lha pripun? Ngenteni mulih, aku ya ngono to. Sekolah og dirabi, aja. Sing pekok meneh kancane Pak Narno niku kancane*”
- YP : “*Pripun?*”
- GM : “*Moro nggen kula, jaluk dirabike kalih mahasisiwi, padahal wis duwe bojo. Aku pengen rabi meneh Gus, karo mahasiswi. Aja, ora usah rabi meneh lak pengen ngrasakke mahasiswi. Lha pripun? Bojomu kon kuliah meneh, aku ngono*”
- YP : “*Kaya kula barang ki ya...*”
- GM : “*Mpun dikon*”
- YP : “*Wah niki jan priyayi lara niki nggih, Bu Bupati kalih Pak Narno niku wah jan wis wis..*”

GM : “*Kandani o Budhe, kesuksesan seorang suami berangkat dari isteri, karena dibelakangnya ada isteri. Mila kok ana wong lanang-lanang kuwi ora sukses, kula bertanya-tanya ada apa itu lho, jangan-jangan kamu jomblo haha*”

YP : “*Ha nek kaya kula niki wis ora duwe bojo niki njur di belakange ana apane, Gus?*”

GM : “*Wo lak jenengan kan cetha, BPJS*”

YP : “*BPJS ki lak sing nggo delok dalan to?*”

GM : “*Wee GPS. Malah nggo delok dalan*”

YP : “*Ya wong ora ngerti kok ya*”

GM : “*Lha niki budhe Yati niku BPJS, barisan para janda seksi*”

YP : “*Seksi ning seksi sibuk nek kula*”

GM : “*Kula nggih BPJS o Budhe, buronan para janda sosialita*”

YP : “*Wah hebat no. Ning kuwi mau lho ya, siji wae aja loro*”

GM : “*Insyallah kula tetep siji, kula niku wonge setia, nggih. Bojo kula insyaallah tetep satu, satu di Jogja, satu di Klaten, satu di Surabaya. Lak kula ditakoni nambah bojo napa mboten, Gus? Nunggu takdir lah, kalo memang takdirnya ada, ya saya menikah lagi. Kalo tidak ada takdirnya, insyaallah saya menciptakan takdir saya sendiri*”

YP : “*Ha nek ngono ya aku klebu sing nomer loro wae to, Gus*”

GM : “*Ya Allah.. aku lak ngrabi budhe Yati, sing mati Miftah disik apa Yati disik? Ya aku disik, aku lak rabi karo budhe Yati sing mati kula disik*”

YP : “*Kok isa?*”

GM : “*Keracunan. Keracunan napa? Susu kadaluarsa. Lha janda seperti budhe Yati saya kasih tau, bisa jadi cinta pertamamu meninggalkan luka tapi kamu harus yakin cinta keduamu insyaallah menghadirkan surga. Rabi meneh ya rapapa budhe*”

YP : “*Ning jane sampeyan niku nek ngunekke apa mau kedaluarsa niku keleru janjane*”

GM : “*Lha pripun, Budhe?*”

YP : “*Nek wis tua kaya kula niku wis ora metu susune hahaha. Apa, paling ming kari dolanan wadahe kok*”

GM : “*Lha nggih niku, Budhe. Mila kula niku paling sengit yen pengajian disuguh kopi susu. Mila niki mesti kopi tok*”

YP : “*Kopi susu niki*”

GM : “*Kula kopi susu kula emoh*”

YP : “*Oo, mboten gelem?*”

GM : “*Ha wong kopi susu niku nyebahi kok. Kopine ngajak melek, susune ngajak turu. Lha mila biasane kula lak disuguh kopi susu kula akali, kopine tak umbe, susune tak cekeli ngono lho. Wa salah niki panitia, kula kopine niku kopi pait, niki kopi manis*”

YP : “*Nek ngono nggen kula niku aman nggih, Gus?*”

GM : “*Lha pripun, Budhe?*”

YP : “*Nggen kula niku susu diler i rapapa i, Gus*”

GM : “*Diler ora papa, Budhe?*”

YP : “*Mboten napa-napa*”

GM : “*Lha napa?*”

YP : “*Lha wong mpun mboten dinapak-napake kok, mung diler tok kok*”

GM : “*Kula sering ngomong ngeten, Budhe, lak kula biasane ngumbe kopi niku pait, Pak Narno, iki kopine manis. Kopi niku tanpa pahit, eh kopi niku tanpa gula niku pahit, begitu diwenahi gula, manis. Tapi sing dipuji niku gulane napa kopine? Kopine. Dadi bupati niku kelase kaya gula di dalam kopi, ada rasanya namun tidak pernah diperhitungkan keberadaannya. Hiya.. ngono, lak beda, lak Pak Narno bedo meneh, dadi pejabat kuwi kaya nguyuh ning jero kolam*”

YP : “*Kok ngoten, Gus?*”

GM : “*Iya. Kaya uyuh di dalam kolam. Tegese pripun? Tidak nampak wujudnya tapi hangatnya bisa dirasakan hiyaa*”

YP : “*Nggih sing penting niku anfusakum wa ahlikum narum*”

GM : “*Woo jajal, budhe Yati isa dalile, padakke. Niku tegese pripun, Budhe?*”

YP : “*Lho wong duwe ustad kok, ayo tegeske ayo. Gunane apa kok jenengan ngongkon wong tua ki kwalat. Wong aku apale ya ming kuwi kok*”

GM : “*Alhamdulillah. Nyoh sakdurunge dilanjutke, trus kula ngobrol kalih budhe Yati sholawatan riyin nika. Men rak nganggur kuwi, amplopan ra tampil,*

ngapa. Sing rodok semi-semi modern kono apa kono? Nah kono isa po ra lagu-lagu milenial, cidro, isa ra modar lak koe rak isa, kelingan mantan, ora isa, Kartonyono Medot Janji, kae lho. Mbiyen aku sih betah, suwe-suwe mlumah. Nuruti kekarepanmu sak wayah-wayah”

YP : *“My way wae my way”*

GM : *“Walah gayane my way barang. Sing isa nyanyi mung Pak Bupati kuwi, Pak Narno kuwi. Kecantol cawet matamu matamu. Pengajian kecantol cawet. Sing ngongkon sapa? Cangkem turah. Wong aku arep sholawatan karo jamaah kok sing nyanyi koe. Kene ki pengen ngrungoke ngajiku, ora pengen ngrungoke cangkemmu. Menengo disik, sok tau. Kula niku seneng mergane digawe sholawat. Kartonyono ning.. kosek to, cerewet wae wong iki, ketoke wis lunas iki, semangate. Ora, iki tak ajari angsal napa mboten lagu dangdut ngge sholawat? Oleh, dangdut sholawatan oleh. Pop sholawatan, oleh. Rok sak isine oleh, ngoten. Ya wis ngene, Kartonyono tapi mengke pas Kartonyono nagih janji diganti sholawat. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Ya robbi balighul wasilah ya robbi khusobil fadhilah. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Allah ya robbi sholli alaihi wassalim alaihi wassalim. Saget? Sekali-kali Pak Narno kalih Bu Bupati gawe, sesuk kula tanggal sepuluh Desember pengajian ambyar bersama Gus Miftah dan Didi Kempot weh. Sekali-kali ning Klaten ngono iku apik ya. Ning to budhe Yati tetep diundang, ora ana sing tak bully lak ora mangkat”*

YP : *“Ee jangan salah, almarhum Mbah Maimun kula ajari nembang. La nggih ting kabupaten, ting dalem anu dinas nggih. Kula ditakoni kalih mbah Maimun...”*

GM : *“Malah saiki jane anu, Budhe. Mbah Maimun kangen kalih budhe Yati”*

YP : *“Oo, pancen pancen”*

GM : *“Nggih, diarep-arep ken ndang mrika jenengan”*

YP : *“Mbah Maimun niku mpun ngarep-ngarep kula janjane. Kula niku ya arep nusul”*

GM : *“Trus?”*

YP : *“Ya niki jujur, ning dereng ngerti alamate. Ha nek sampeyan mpun ngerti alamate, tulung sampeyan ming mrika sik, ming duduhke. Ngeten mawon..”*

GM : “*Mengke tak surveine Budhe, ra papa. Kaya sesuk kula lak melbu surga ajeng libatke budhe Yati. Sakderenge kiaine melbu surga, budhe Yati kula ken survei lokasi. Begitu ketemu surgane jenengan ngabari kula, “Gus surgane ting mriki”, begitu kula melbu jenengan balik ting neraka meneh”*

YP : “*Lha wong kula niku mpun takon kalih wong-wong niku, kiai-kiai niku, niku pripun to carane ya kula isa ngimpi ketemu Mbah Maimun, tibake ya wis seda”*

GM : “*Pokoke lak ning nggone mbah Maimun niku kula yakin mesti khusnul khatimah nika, amin. Oh niki pas seratus harine mbah Maimun, mangga maca Al-Fatihah sepindah kagem mbah Maimun Zubair, kagem mbah Maimun Zubair, Al-Fatihah. Shollu alaa nabi Muhammad, yak kartonyano medot janji versi sholawat. Mbiyen aku sih betah, suwe-suwe wegah. Nuruti kekarepanmu sak wayah-wayah, sansoyo bubrah.. melu-melu wae. Mbiyen wis tak wanti-wanti ayo budhal ngaji, tapi kenyataannya.. sing banter sholawat. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Ya robbi balighul wasilah, ya robbi khusobil fadhilah. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Allah ya robbi sholli alaihi wassalim alaihi wassalim. Ayo mas, lanjut mas, ayo vokalise. Kok kebangetenmen sambat blas ra ana perhatian, jelas ku butuh atimu, ku butuh awakmu, kok kebangetenmen. Lara ati iki, suk neh wis oleh gantimu merga wis tau, wis tau jeru. Sing banter, bareng-bareng. Mbiyen aku sih betah suwe-suwe wegah, nuruti kekarepanmu sansoyo bubrah. Mbiyen wis tak wanti-wanti, ayo budal ngaji tapi kenyataannya pergi. Sholawat. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Ya robbi balighul wasilah ya robbi khusobil fadhilah. Robbi ya robbi sholli alaa Muhammad. Robbi ya robbi sholli alaihi wassalim. Allah ya robbi sholli alaihi wassalim alaihi wassalim. Shollu alaa nabi Muhammad. Kula tak takon, dho nggawa HP napa mboten? Lak flashe diuripke kersa napa mboten? Flashe diuripke lampune dipateni ya, men Joglo Tumiyano*

berkah *sholawat*, menghibur Pak Narno *mulih ko Jakarta ki lho, ning Jakarta stres, mulih ning Klaten pokoke seger pokoke. Lampune dipateni, tak jak sholawatan. Lara ati iki duwur meja ora ana tisune, tak enteni ket mau kok ra metu-metu, tisu ae ra metu, apa meneh sangu*. Coba yang di belakang lampunya dimatikan, saya pengen malam hari ini bersinar dengan *flash HP mumpung niki maulid nabi sholawatan, kabeh pikantuk syafaate kanjeng nabi. Insyaallah Klaten semakin bersinar amin*. Coba yang di belakang lampunya dimatikan, ketua panitia, *lak ra isa dipateni, ketua panitiane tak pateni*”

YP : “Kejam ki lho”

GM : “Oi, yang di belakang *isa dipateni rak kuwi lampune? Soale jamaah okeh sing ning mburi*. Ayo semuanya *flash* diangkat, ayo semuanya diangkat. Malah Pak Narno *selfie* dewe. Oi panitia, lampu di belakang dimatikan bisa apa nggak? Lampu, lampu, yak lampu yang belakang yang belakang, ayo ketua *panitiane* kamu jangan *pekok* gaes, dimatikan. Ayo yang belakang lampu. *Merga lampune mati, kacamataane tak copot*. Ayo Le, ditinggal *rabi versi sholawat. Shollu ala nabi Muhammad*. Semuanya digerakkan ke arah kanan dulu *sareng-sareng. Atiku rasane lara, nyawang kanca adoh karo agama. Ra duwe tata krama, Quran e ra diwaca, salate ya ditinggalno. Apa iki wis jamane, cah-cah enom kelangan akhlake. Wong tua diseneni, guru ya digebuki, ayo rene gek ndang ngaji. Sholawat. Ya robbibil musthofa baligh ma qosidana wafirlana mamadho ya wasial karomi. Huwal habibulladzhi turjasyafa atuhu likullihau liminal awa limukhtahimin. Aya reff e, musik. Mas apa koe lali karo sumpah janjimu, mbiyen bakal ngancani urip tekan matiku. Pancene koe tega, medot tali asmara, rabi karo wong liya, mblenjani tresna ku nelangsa. Sholawat lagi yang lebih kenceng. Ya robbibil musthofa baligh ma qosidana wafirlana mamadho ya wasial karomi. Huwal habibulladzhi turjasyafa atuhu likullihau liminal ahwa limukhtahimin. Shollu alaa nabi Muhammad. Alhamdulillah. Yok lagu kedua. Urung, sapa nguripke kae. Niki mumpung malem Jumat, pas mengati tiyang seda. Sareng-sareng kita sholawatan malem jumat. Shollu alaa nabi Muhammad. Ayo, mas-mas musisi menyesuaikan. Yok, diangkat sing duwur. Sholli wa salimda iman alahmada, Allah Allah. Sholli wa salimda iman alahmada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada.*

Ayo musik sekali lagi yang lebih kenceng. *Sholli wa salimda iman alahmada, Sholli wa salimda iman alahmada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada. Yok sareng-sareng. Saben malem jumat ahli kubur mulih nang omah. Kanggo jaluk donga, wacan quran senajan sak kalimat, lamun ora dikirimi banjur bali brebes mili. Bali nang kuburan, mangku tangan tetangisan. Sholli wa salimda iman alahmada, Sholli wa salimda iman alahmada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada. Kebacut temenan ngger anak turunku, koe ora wirang padha mangan tinggalanku, lamun aku bisa bali ning alam donya, bakal tak ringkesi donyaku sing isih ana. Sholli wa salimda iman alahmada, Sholli wa salimda iman alahmada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada. Saya pengen sekali lagi, jamaah yang kenceng, musiknya berhenti. Sholli wa salimda iman alahmada, kurang banter. Sholli wa salimda iman alahmada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada, wal ali wal asha bimanqodwahada wal ali wal asha bimanqodwahada. Shollu alaa nabi Muhammad. Alhamdulillah. Wis lampune murup. Pantesan gembrobyos, ora ana kipas angine. Alhamdulillah, dadi Pak Narno lak ana sing takon, lha wong-wong ki seneng, saiki ngajine ki ya milenial ngono lho. Senajan to kaya budhe Yati ki rupane ya kolonial. Ha ini generasi-generasi milenial kaya gini”*

YP : “Rupaku ya milenial lho, Gus.”

GM : “Kaya milenial og kaya ngono”

YP : “Kaya pripun, to?”

GM : “Mila lak cara ngajine awake dewe niku napa, Budhe? Ngaji alon-alon, ora mundur alon-alon, Mam. Koe jaluk kelon bojomu ora diwenahi malah mundur alon-alon. Aku mundur alon-alon merga koe ra gelem kelon. Halah apa. Oo, lak PNS-PNS kuwi lak beda meneh kuwi ASN-ASN. Aku ngangsur alon-alon merga sadar aku sapa, pegawai negeri gajine ra sepiro. Lak awake dewe bedo, napa, ngaji alon-alon. E, isa apa ora kuwi? Aku ngaji alon-alon merga sadar aku sapa, santri sing nakal ra isa apa-apa. Aku ngaji alon-alon merga sadar aku sapa, ahli maksiat

sing kakehan dosa. Aku ngaji alon-alon merga sadar aku sapa, santri sing nakal ra isa apa-apa. Aku ngaji alon-alon merga sadar aku sapa, ahli maksiat sing kakehan dosa. Jos.. sesuk kapan-kapan tak jak ya. Lak diundang Pak Narno meneh maksute. Shollu alaa nabi Muhammad. Lanjut? Lanjut mboten? sampun jam setengah siji. Bu Sri langsung delok jam, mosok. Mergane gangguan teknis, kebanyakan teh manis. Lha napa kok kula sak nggon-nggon sering, niki berkaitan kalih temane dalu menika. Menyanyikan bahkan mempopulerkan saben malem jumat ahli kubur mulih nang omah? Kula pengen awake dewe ki dadi anak sing bekti kalih wong tua, ora nglalikke jasane wong tua. Wong tua sing wis sumari niku sing dijuluk ora macem-macem, mung donga. Woy, rungokno! Donga, ora jaluk kiriman apa-apa, ora jaluk kiriman bata, ora jaluk kiriman pendopo, mung jaluk kiriman donga. Mila carane walisongo mbiyen gawe lagu jenenge turi-turi.. Jajal, turi-turi.. Hop, lak sesuk koe rabi tak tambahi lagune, ayo musike. Kembang kembang kanthil manten anyar diiring bedhil, ana cleret tibo jondil aku kaget cekelan kene.

YP : “Gus gus, penyanyi niku sing konsisten”

GM : “Lha wong cekelan kene kok”

YP : “Ora isa, lha wong bar t kok ne. Apa wi? Protes aku”

GM : “Lha apa?”

YP : “Hayo apa?”

GM : “Kembang kembang kanthil manten anyar diiring bedhil, ana cleret tiba jondil aku kaget cekelan sotil”

YP : “Duuk. Pak Narno ae ngendika udu kok hahaha”

GM : “Lha pas e napa pas e?”

YP : “Gus gus, niku mboten mbok iro, mbok kira, nggih niku dadi bedekan”

GM : “Mbok kira kiaine amplope sepiro ngono kae”

YP : “Ho’o. Hahaha”

GM : “Turi-turi putih. He wong Klaten, sira kabeh tak tuturi, wong kuwi yen wis mati dibungkus kain kafan rupane putih. Kain kafan rupane putih niku hukume wajib napa sunah? Sunah. Dadi kaya adik-adik kuwi to, besok mati kain kafan rupane pink, ora papa, haa paling malaikate mbengok, jomblo gais. Ayo awakmu ngakune wong NU, sesuk pengen kain kafan rupane ijo, malah beneran ra bakal

takoni karo Munkar Nakir soale dikira lontong. Lak budhe Yati gampang budhe, ungu”

YP : “*Lha ngapa kok ungu?*”

GM : “*Malaikate mbengok, janda gaes*”

YP : “*Janda rika wis ora butuh janda, wong kene ki janda kisut o ya*”

GM : “*Woo ampun salah, Budhe. Janda semakin di depan woo. Kae honda kok ding ya. Oo Yamaha to, janda semakin di depan, ora ngono to kae, oo Yamaha to. Koe lak rabi karo janda le, woo ibarat numpak jaran ora perlu ngajari, mlayu dewe woo, srantal ngono og. Ora papa, daripada koe ngoyak-ngoyak kimcil, koe ditinggal lungo malah mbengok, aku nganan koe ngiwo, aku bertahan koe karo wong liya. Ambyar ambyar. Mila bocah cilik pacaran og nganti stres, apa kuwi. Maka saya katakan, cukup cintailah pasanganmu dengan menggunakan hati, jangan cintai pasanganmu menggunakan jiwa, kenapa? Karena kalau kamu putus dari pasanganmu, cukup sakit hati tidak sampai sakit jiwa. Kuwi rungokno, koe malah galau, aku tanpamu bagaikan sega kucing tanpa karet, ambyar*”

YP : “*Kok njur sega kucing barang to, Gus?*”

GM : “*Lha napa?*”

YP : “*Mesakke. Ngrasakke menungsa kuwi ya do gragas, nggih*”

GM : “*Lha napa?*”

YP : “*Ha wong segane kucing ya dipangan*”

GM : “*Segane kucing ya. Woo budhe Yati ki jamane duwe rumah makan wonge open tak kandani, tegese open pripun? Kuwi lho, wong tuku sega mangan gene budhe Yati, ora entek, dipangan karo budhe Yati, open kok. Padakke*”

YP : “*Sing jenenge wong isa nulung, ha nggih to niku hehe.. dadi tok e sapa-sapa ora entek...*”

GM : “*Kok rumah makane tutup napa, Budhe?*”

YP : “*Walah mpun*”

GM : “*Bangkrut matamu, ngawur wae, seniman kondang o bangkrut. Ora bangkrut, ora ana untunge tak kandani*”

YP : “*Kula ra merga niku. Lha wong sing jenenge nuwun sewu Pak Ganjar niku tindak ning Jogja ting nggen kula...*”

GM : “Lha kok wingi Pak Ganjar *tindak pondok jenengan mboten tindak? Gene ulang tahun*”

YP : “Lho Pak Ganjar? *Lha wong sing nandatangani kula kok ndadak sampeyan...*”

GM : “Woh *gayane, sing nandatangani SKP jane kene kok guayane*”

YP : “*Mboten, niki tenan Pak Ganjar disek agek bedah buku niku ajeng mampir gene kula. Deknen muni, “mbak, lha kok rumah makanmu ronone kepiye to? Aku ngelih re arep mampir”. Kula ling kula wangsuli ngeten, “lho seorang Ganjar Pranowo dadi gubernur, kenapa Yati Pesek buka rumah makan, gengsi dong*”

GM : “Lha *hubungane apa rumah makan karo gubernur?*”

YP : “Ha *mulane kula ha.. “trus ngapa kuwi mbak?” “buka toko buku ikut mencerdaskan anak Indonesia*”

GM : “Woo.. Padahal *bukune ya ora payu*”

YP : “Lho *niku nyatane Pak Ganjar ya.. wah ha tenan koe, maju tenan koe yu, ha wong arep ngunekke irunge mundur kok. Niku tenan niku, he senengane kae nggih guyon, padha kalih niki sisih kula Pak Narno niku ora kakung ora putri senengane guyon*”

GM : “Woo *mila awet enom*”

YP : “Ben *akrabke wong. Coba, sakniki mesti sing digoleki sing ayu-ayu, contone kaya jenengan dewe*”

GM : “Apa?”

YP : “Nggih to, *sing digoleki lak sing ayu-ayu*”

GM : “Ora”

YP : “Alah ya wae, *winginane...*”

GM : “Ora, *bojo ayu niku ora awet, Budhe. Lha awakmu pengen duwe bojo sing awet, rabio karo wong wedok sing elek. Lak wong ayu iku ora suwe, paling seket tahun rupane dadi elek. Lak awakmu rabi karo wong elek, dari lahir sampe mati tetep elek, contone Yati Pesek*”

YP : “Gus gus.. *tulung Gus, kula mung payukke Gus. Gus gus, putrane Pak Narno tesih joko niku kandakke rabio karo sing elek wae ngoten gus.*”

GM : “Le, *koe rabi karo budhe Yati kolu ora, Le?*”

YP : “Hahaha”

GM : “Woo *gedek* kok hahaha *jarene huek ngoten ku piye*”

YP : “*Malah aman ngoten lho, Gus*”

GM : “*Sira kabeh tak tuturi, wong kuwi yen wis mati dibungkus kain kafan rupane putih. Ditandur niku artine dikubur, kebon agung niku artine kuburan. Supaya ngerti kuwi kuburan biasane niku diwenahi patok, yen patok siji nika jenenge tinger, kuburan nika patoke lara berarti tinger-tinger. Mila napa awake dewe kados dalu menika almarhum haji Tukimin, difatihahi, didongakke supaya ora tinger-tinger. Apa ana hadise? Wonten. Iki lak ono dalile? Ana, kaya wingi kula takoni, apa dalil perayaan peringatan maulid? Weh, apa ana dalile mencintai kanjeng nabi melalui maulid? Tak jawab, “aku mencintaimu saja tanpa dalil, mosok mencintai kanjeng nabi dadak golek dalil, kurangmen gawean. Koe ora seneng karo maulid ya menengo, tapi ini caraku mencintai nabiku, ora ana urusane karo cangkemmu, cukup Rakib Atid yang menilai amalku, cangkemmu ora usah melu-melu”. Kekrek pisan woo los ra rewel pokoke. Al mayyitu fikobrikal mughoriq... artinya apa? akan diterjemahkan oleh budhe Yati Pesek, monggo terjemahke budhe*”

YP : “*Mula kang songko iku ngger ya, sak tekane kabeh wong urip iku kudu sujud lan eling karo Allah*”

GM : “*Sing tak waca ki hadis tentang kematian, malah terjemahe kaya ngono ki piye*”

YP : “*Lho iki durung ya ngger, dirampungke ndisik. Sing ping pindo...*”

GM : “*Nomer loro*”

YP : “*Sliramu kudu tetep bekti karo wong tuamu saklaran...*”

GM : “*Ha nek iki rodok nyambung*”

YP : “*Kosek, Dul*”

GM : “*Woh dul matane, kiai og dul*”

YP : “*Nggih nggih keleru, nggih nuwun sewu ampun, waduh wis jan wis, lali og kang...*”

GM : “*Ora ngono to, su*”

YP : “*Kok su?*”

GM : “*Lha pripun? Su og, suyati*”

YP : “*O iya, sukilinuwun, ning kurang nggon irung. Sing ping telu, kudu eling marang leluhur, melbu panjenengane Pak Narno, wenehi bubuk pati sak keluarga agung menika isih tetep eling karo leluhur, nadyan to wis...*”

GM : “*Pertanyaane, ngapa kok kudu eling karo leluhur? Ora ana gedene anak kuwi tanpa nganggo tirakate wong tua. Dadi anane Bu Sri, Pak Narno dadi wong ampuh kuwi merga mbahe mbiyen ahli tirakat. Kuwi lho rungokno le, apa bedane wong mbiyen karo wong saiki? Bedane niku siji, wong mbiyen niku gaweane nandur ra ngarep-ngarep ngunduh. Lak wong sakniki gaweane ngunduh ra gelem nandur. Sing gaweane gelem ngunduh ra gelem nandur kuwi ono telu. Siji maling, loro pemborong, telu codot. Mila lak awakmu gelem ngunduh ra gelem nandur, berarti kelase kaya codot. Mila bapak ibu para codot rahimakumullah, kula terangke niku hadise. Al mayyitu fi qabrihi, mayit itu di dalam kuburnya, dalu menika Pak H. Tukimin Tri Widodo kalih almarhumah ibu Sumiyem di dalam kuburnya, kal ghoriq al muqowwis seperti orang yang terombang-ambing niki lho tinger-tinger, al mughowwis yang membutuhkan pertolongan. Pertolongan dari siapa? Yantadiru dak watan, yang menunggu doa. Doa dari siapakah? Tal haquhu min abiihi, doa yang diharapkan dari bapak ibunya. Aumin akhihi, atau dari saudara-saudaranya. Yaumin shodiqi ahuu, atau dari kanca-kancanya. Ehh kanca-kancanya bahasa Indonesiane apa? Malah kaya upin ipin, teman-teman. Kula niku salah sijine males ngaji ning TV niku wau, katah bahasa Jawa sing ora ana bahasa Indonesiane, Budhe. Contone, nguyuh anyang-anyangen, napa bahasa Indonesiane?”*

YP : “*Nguyuh anyang-anyangen? Bahasa Indonesiane? Woh kenapa sih aku kok crat crit. Apa? Lha napa, Gus?*”

GM : “*Crat crit ki lak gadis, lak kaya budhe Yati ki crat crot*”

YP : “*Ha nek jenengan napa niku anyang-anyangen?*”

GM : “*Anyang-anyangen niku bahasa Indonesiane kencing tawar menawar*”

YP : “*Tawar menawar, nggih*”

GM : “*Ho’o, lak kuwi budhe kagok lak ngomong bahasa Indonesia niku. Kados kula wingi bar ngislamke mas Dedi nika ngislamke tiyang Australia, namine Anthonio Scoddory, suguh macem-macem ting pondok ora dipangan, Budhe, bojo*

